**WO’ZBEKSTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**Berdaq ati’ndag`i’ Qaraqalpaq ma`mleketlik universiteti**

**Qaraqalpaq til bilimi kafedrasi’**

**Atamuratova Miyrigu’l**

# **Tema:** Dawi’ssi’z seslerdin’ qabatlasli’g’i’ ayri’qsha seslik qubi’li’s si’pati’nda

**PITKERIW QA`NIGELIK JUMI’SI’**

**Ilimiy basshi’:** **akademik Abatbay Da’wletov**

**No`kis – 2013**

Jaqlawg`a ruxsat berildi

Fakultet dekani’: docent Q. Turdi’baev

Kafedra basli’g’i’: professor M. Qudaybergenov

Ilimiy basshi’: akademik A. Da’wletov

Dawi’ssi’z seslerdin’ qabatlasli’g’i’ ayri’qsha seslik qubi’li’s si’pati’nda

Ma’mleketlik attestaciya komissiyasi’ni’n’ qarari’:

Atamuratova Miyrigu’ldin’ pitkeriw qa’nigelik jumi’si’na

«_____» bahasi’ qoyilsi’n.

«_____» _________ 2013-ji’l.

MAK basli’g’i’: ___________________________

MAK ag’zalari’: ___________________________

___________________________

___________________________

## MAZMUNI’

**Kirisiw**…………………………………………………………………..4

a) Fonemalardi’n’ qabatlasli’g’i’ haqqi’nda tu’sinik……………………...4

b) Seslerdin’ qabatlasli’g’i’ ma’selesinin’ izertleniwi……………………..11

1. Ha’r qi’yli’ dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasli’g’i’……………………………23

    a) U’nli dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasli’g’i’………………………………26

    b) U’nsiz dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasli’g’i’……………………………..32

    c) Sonor dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasli’g’i’……………………………...35

2. Bir qi’yli’ dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasli’g’i’ (geminaciya qubi’li’si’)……39

    a) Tu’bir qurami’ndag’i’ geminaciya qubi’li’si’………………………..44

**Juwmaq**……………………………………………..……………………...49

**Paydalani’lg’an a’debiyatlar**……………………………………………..51

## Kirisiw

Ha’r qanday tildin’ payda boli’wi’ ja’miyettin’ payda boli’wi’ menen tikkeley baylani’sli’. Adamni’n’ du’nyag’a keliwi ha’m sana seziminin’ jetilisiwinin’, rawajlani’wi’nin’ tariyxi’ bolg’ani’nday, tildin’ de rawajlani’w joli’ bar. Adamzat tili ja’miyettin’ payda boli’wi’ menen payda boladi’ ha’m sol ja’miyet ag’zalari’ ushi’n wo’z-ara pikir ali’si’wdi’n’, qari’m-qatnas jasawdi’n’ yen’ za’ru’rli qurali’ si’pati’nda xi’zmet atqaradi’. Til ja’miyetlik qubi’li’s bolg’anli’qtan barli’q waqi’tta jetilisip, rawajlani’p woti’radi’.

Prezidentimiz I.Karimov “Wo’zlikti an’law, milliy sana ha’m woy-pikirdin’ ko’rinisi, a’wladlar wortasi’ndag’i’ ruwxi’y-ma’nawiy baylani’s til arqali’ ko’rinetug’i’nli’g’i’ ma’lim. Barli’q iygilikli pazi’yletler insan qa’lbine, yen’ a’wele ana ha’yyiwi, ana tilinin’ takirarlanbas go’zzalli’g’i’ menen sin’edi.

Ulli ag’arti’wshi’ babami’z Abdulla Avlani’ydi’n’ so’zleri menen aytqanda “Ha’r bir millettin’ du’nyada barli’g’i’n ko’rsetetug’i’n turmi’s aynasi’ til ha’m a’debiyati’dur. Milliy tildi jog’alti’w millettin’ ruwxi’n jog’alti’wdur[1].”

A’debiy tildin’ jetilisiwi ha’m rawajlani’wi’nda woni’n’ fonetikali’q, grammatikali’q ha’m a’meliy ta’repleri u’lken a’hmiyetke iye. 1917-ji’lg’a shekem qaraqalpaq tilinin’ grammatikali’q ha’m fonetikali’q quri’li’si’ haqqi’nda mag’luwmatlar bolmadi’[2].

Tu’rkiy tilleri soni’n’ ishinde qaraqalpaq tilinde de so’zlerdin’ quri’li’si’nda dawi’sli’ menen dawi’ssi’zdi’n’ qatarlasi’p keliwi ju’da’ ken’ yen jayg’an qubi’li’s boli’p sanaladi’. Qaraqalpaq tilinde dawi’sli’ni’n’ aldi’nda kelgen dawi’ssi’z ses

---

[1]. Karimov.I. Joqari’ ma’nawiyat-jen’ilmes ku’sh. Tashkent, Manawiyat. 2008. 83-bet.

[2]. Баскаков Н.А. Каракалпакский язык. II-том, фонетика и морфология , часть I

dawi’sli’ni’n’ son’i’nda kelgen dawi’ssi’zg’a qarag’anda da dawi’sli’ sestin’ i’n’g’ayi’na berilip ketedi. Biz bul qubi’li’sti’ buwi’n qurami’ndag’i’ dawi’sli’ fonemalardi’n’ i’n’g’ayi’na qaray dawi’ssi’z fonemalardi’n’ wo’zgeriske ushi’rawi’ dep atasaq ta tuwri’ keledi.

L.R.Zinderdin’ ko’rsetiwi boyi’nsha dawi’sli’dan son’ turg’an dawi’ssi’z ko’birek buwi’n shegarasi’nda kele woti’ri’p, aldi’n’g’i’ buwi’nni’n’ quri’li’si’nan keyingi buwi’ng’a wo’tip ketiw uqi’bi’na iye bolg’an. “Woni’n’ u’stine kem-kem pa’t ali’p ku’sheyip barati’rg’andag’i’ buwi’nni’n’ aldi’nda kelgen dawi’ssi’z ses kem-kem a’zzilep, tamamlani’p barati’rg’an son’i’nda kelgen dawi’ssi’zg’a qarag’anda ko’birek ha’m turaqli’raq wo’zgeriske ushi’raydi’ ha’m bul jag’day tilde ko’birek yen jayg’an”[1].

Buwi’n qurami’ndag’i’ dawi’sli’ni’n’ wo’zinin’ aldi’nda kelgen dawi’ssi’zg’a ta’sirin mi’naday fonetikali’q sebepler arqali’ tu’sindiriwge boladi’. Jin’ishke dawi’sli’lar bolg’an a’, i, o’, u’, e aldi’ndag’i’ dawi’ssi’z fonemalardi’ jin’ishke yetip ko’rsetedi. Al juwan dawi’sli’lar a, i’, o, u aldi’nda kelgen dawi’ssi’z fonemalardi’ juwan yetip ko’rsetedi.

Qaraqalpaq tilinde yerinlik dawi’sli’lar bolg’an o, o’, u, u’ fonemalari’ aldi’nda turg’an dawi’ssi’z fonemani’ yerinlik dawi’ssi’z fonemalarg’a aylandi’radi’. Sonli’qtan yerinlik dawi’ssi’zlar yerinlik dawi’sli’ni’n’ i’n’g’ayi’na qaray, birde juwan, birde jin’ishke ren’klerinde ayti’ladi’. Dawi’sli’ fonemani’n’ keynindegi dawi’ssi’z fonemag’a ta’siri de, dawi’sli’ sestin’ aldi’nda kelgen dawi’ssi’z seske tiygizgen ta’sirindey boladi’.

A.Da’wletovti’n’ ko’rsetiwi boyi’nsha qaraqalpaq tilinde dawi’sli’ fonemalardi’n’ ayri’qsha to’rt tu’rli tembri tutas buwi’n menen birgelikte

---

[1] Зиндер Л.Р. Общая фонетика. М.,1979, –С.224.

singarmonizm ko’leminde ani’q ko’rinedi. “Bular juwan yeziwlik, jin’ishke yeziwlik, juwan yerinlik, jin’ishke yerinlik degen tembrler boli’p tabi’ladi’”[1]. Dawi’sli’lardi’n’ buwi’n ko’lemindegi bul to’rt tu’rli tembrdegi ayti’li’wi’ sol buwi’nlarda kelgen dawi’ssi’zlardi’n’ da solarg’a sa’ykes turaqli’ tu’rde mudami’ to’rt tu’rli ren’klerde ayti’li’wi’n ta’miyinleydi, dep ko’rsetedi. Avtordi’n’ aytqani’n da’lillew ushi’n mi’na to’rt so’zdin’ mi’sali’nda ani’q ko’riwimizge boladi’. Mi’sali’: tar, t´er´, t°or°, t´°o’r´°. Bunda so’zler quri’li’si’ndag’i’ tek g’ana dawi’sli’ fonemalar yemes, al so’zler tutasi’ menen bir-birine qarama-qarsi’ qoyi’ladi’. Mi’sali’: tar-t´er´, t°or°-t´°o’r´° juwan-jin’ishke, t´or´-tar, t´°o’r´°-ter yerinlik-yeziwlik tu’rinde jumsaladi’.

Qaraqalpaq tilinde dawi’sli’ fonemalar da, dawi’ssi’z fonemalar da singarmonizm ni’zami’na muwapi’q yeki tu’rli fonologiyali’q qa’siyetke iye boladi’. Bul fonemalardi’n’ ha’r biri segmentlik da’rejede ayri’qsha fonema xi’zmetin atqaradi’. Soni’n’ menen birge supersegmentlik da’rejede fonemali’q xi’zmet atqaratug’i’n buwi’nni’n’ si’n’ari’ xi’zmetin atqaradi’.

Qaraqalpaq tilinde dawi’ssi’z fonemalar buwi’nni’n’ juwan yeziwlik, jin’ishke yeziwlik yekenligine, juwan yerinlik yamasa jin’ishke yerinlik yekenligine baylani’sli’ buwi’n fonemani’n’ si’n’ari’ retinde birde juwan yeziwlik, birde jin’ishke yeziwlik, birde juwan yerinlik, birde jin’ishke yerinlik tu’rinde jumsaladi’. Biz bul jumi’si’mi’zda dawi’ssi’z fonemalardi’n’ qabatlasi’p jumsali’wi’n ken’ tu’rde analizlep shi’qti’q.

Til iliminde fonemalardi’n’ qabatlasli’g’i’ fonetikani’n’ tiykarg’i’ ni’zamlari’ni’n’ biri. Fonemalardi’n’ qabatlasi’wi’ – tildegi fonemalardi’n’ bir-biri menen qatar turi’p jumsali’w, artikulyaciyali’q jaqtan u’ylesip, tariyxi’y jaqtan

---

[1] Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ тили фонетика, Нөкис, 1994, 142-бет.

qa’liplesken worni’. Haqi’yqati’nda da, yeger yeki fonemani’n’ arasi’nda artikulyaciyali’q baylani’s bolmasa, wonda wol fonemalar qabatlasli’g’i’n quray almaydi’. Ha’r bir tildin’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerinen kelip shi’g’i’p, fonemalardi’n’ qabatlasi’wi’ sol tildin’ fonetikali’q negizinen g’a’rezli halda xali’qti’n’ a’wladtan-a’wladqa wo’tip kiyati’rg’an tili menen ti’g’i’z baylani’sli’.

Tildegi sesler bir-biri menen artikulyaciyali’q jaqtan u’ylesip, tariyxi’y jaqtan qa’liplesip so’zdin’ materialli’q jaqtan ju’zege shi’g’i’wi’n ta’miyn yetedi. Haqi’yqati’nda da, birinen son’ biri ayti’lg’anli’qtan qatara kelgen yeki sestin’ arasi’nda arikulyasiyali’q jaqtan baylani’sti’n’, ta’sirdin’ bolmawi’ mu’mkin yemes. Wo’ytkeni so’ylew ag’i’mi’ndag’i’ seslerdin’ ayti’li’w bari’si’nda aldi’n’g’i’ sesti ayti’w waqti’nda-aq so’ylew ag’zalari’ wonnan son’g’i’ sesti ayti’wg’a beyimlesip, bul qubi’li’s so’ylew waqti’nda islenetug’i’n pauzag’a shekem u’zliksiz dawam yetip woti’radi’[1].

Ha’r bir tildin’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerinen kelip shi’g’i’p, seslerdin’ qabatlasli’wi’ sol tildin’ qa’liplesken seslik da’stu’ri menen ti’g’i’z baylani’sli’ boladi’. Ma’selen, tu’rkmen, oyrot, qazaq, sari’ uyg’i’r tilindegi jazba yesteliklerde seslerdin’ qabatlasli’g’i’ni’n’ ushi’raspaytug’i’nli’g’i’, al bashqurt, qaraqalpaq tilindegi jazba yesteliklerde az sanda ushi’rasqanli’g’i’ ilimiy a’debiyatlarda so’z yetilgen[2]. Tu’rkiy tillerdin’ ishinde chuvash tilinde dawi’ssi’zlar qabatlasli’g’i’ yen’ jiyi qollani’latug’i’nli’g’i’ ani’qlang’an. Bul tildin’ derlik barli’q kategoriyalari’nda, sonday-aq sanli’qlarda da dawi’ssi’zlar qabatlasli’g’i’ ani’q ko’rinedi[3]. Ha’zirgi wo’zbek tilinin’ dialektlerinde dawi’ssi’zlar qabatlasli’g’i’

---

[1] Зиндер Л.Р. Общая фонетика. Москва, 1979, 125-б.

[2] Абдуллаев Ф. Фонетика Хорезмских говоров. Ташкент, 1967, 126-б.

[3] Дмитриев Н.К. Двойные согласные в тюркских языках, Сб. «Исследования по сравнительной грамматике тюркских языков», I, 1955, 263-б.

basqa tu’rkiy tillerge sali’sti’rg’anda ko’p qollani’ladi’. Ma’selen, palla-waqi’t, katta-u’lken, sodda-a’piwayi’[1].

Usi’ da’wirge shekem qaraqalpaq tilinde seslerdin’ qabatlasli’g’i’ ma’selesi yele arnawli’ izertlew obyekti bolmadi’. Dawi’sli’lardi’n’ qabatlasi’p jumsali’wi’ qaraqalpaq tili ushi’n ta’n qubi’li’s yemes. Al dawi’ssi’lardi’n’ qabatlasi’p jumsali’wi’ bolsa, jiyi ushi’rasadi’. Qaraqalpaq tilinde dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasli’g’i’ tu’birde, tu’bir menen qosi’mta arali’g’i’nda, so’z benen so’zdin’ arali’g’i’nda ushrasadi’.

Bulardi’n’ ha’mmesine wortaq uluwmali’q ni’zamli’li’q bolg’ani’ menen ha’r birinin’ wo’zine ta’n wo’zgeshelikleri de bar. Sebebi, ha’r bir dawi’ssi’z fonema wo’zine uqsas belgisi boyi’nsha jaqi’n dawi’ssi’z fonema menen qabatlasadi’. Ko’pshilik jag’dayda sonor dawi’ssi’z fonemalardi’n’ u’nli ha’m u’nsiz fonemalar menen qabatlasi’wi’n ko’riwimizge boladi’. Sonday-aq, bul ko’rsetilgen poziciyalardag’i’ yen’ uluwmali’q ni’zamli’li’q – u’nlinin’ u’nsiz benen, u’nsizdin’ u’nli menen qabatlasi’p qollani’li’wi’ ushi’raspaydi’.

Tu’pkilikli so’zlerdin’ basi’nda dawi’ssi’z seslerdin’ qabatlasi’p keliwi hesh ushi’raspaydi’. Sebebi, bul tu’rkiy so’zler ushi’n jat qubi’li’s boli’p yesaplanadi’. Al, ayi’ri’m wori’s tilinen kirgen so’zlerdin’ basi’nda qabatlasqan dawi’ssi’zlar qollani’lg’ani’ menen wolar ayti’lg’an waqi’tta qi’si’q dawi’sli’ fonemalar «qi’sti’ri’li’p», qosi’li’p ayti’ladi’[2]. Mi’sali’: spravka (i’spravka), snoska (usnoska), gruppa (guruppa), klass (ki’lass), shtrix (shi’ti’rix), krem (kirem), staj

---

[1] Абдуллаев Ф. Фонетика Хорезмских говоров. Ташкент, 1967, 126-б.

[2] Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Фонетика. -Нөкис, 1999, 169-б.

(i’staj), stil (sitil) ha’m t.b. Wolarg’a qaysi’ dawi’sli’ni’n’ «qi’sti’ri’li’p» ayti’li’wi’ singarmonizm ni’zami’na baylani’sli’ boladi’.

Qaraqalpaq tilinde tu’birdin’ qurami’ndag’i’ dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasli’g’i’n u’yrengenimizde yeki jag’daydi’ bayqawg’a boladi’: tu’birdin’ wortasi’ndag’i’ dawi’ssi’zlar qabatlasli’g’i’ ha’m tu’birdin’ aqi’ri’ndag’i’ dawi’ssi’zlar qabatlasli’g’i’. Wol poziciyalardag’i’ qabatlasqan dawi’ssi’zlardi’n’ jumsali’wi’nda bir qi’yli’li’q joq. Sebebi, so’z aqi’ri’ndag’i’ poziciyag’a qarag’anda so’z wortasi’ndag’i’ dawi’ssi’z sesler qabatlasi’wi’ jiyi ushi’rasadi’. So’z aqi’ri’ndag’i’ dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasli’g’i’ ko’pshilik jag’dayda gu’mp, yen’k, gu’n’k, shart h.t.b. si’yaqli’ yeliklewish so’zlerdin’ qurami’nda ushi’rasadi’.

Tu’bir qurami’ndag’i’ dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasli’g’i’ mi’naday boli’p keledi: abzal (bz), a’bden (bd), shabdal (bd), jegde (gd), lag’man (g’m), qasqi’r (sq), aspan, baspaq (sp), aqmaq, si’qmar (qm), toqpaq, si’qpan (qp), aqsha (qsh), batpaq (tp), pasha (sh), ko’ylek (yl), bayraq, ayran (yr) si’ynaq (yn), t.b.

Qaraqalpaq tilinde tu’bir menen qosi’mta arali’g’i’ndag’i’ dawi’ssi’zlar qabatlasli’g’i’ tu’bir qurami’ndag’i’ qabatlasli’qqa sali’sti’rg’anda bir qansha uqsasli’qlar boli’wi’ menen birge wo’zine ta’n wo’zgeshelikleri de bar. Tu’rkiy tillerinde soni’n’ ishinde qaraqalpaq tilinde qamaw buwi’n jiyi ushi’rasqanli’qtan tu’bir menen qosi’mta arali’g’i’ndag’i’ dawi’ssi’zlar qabatlasli’g’i’ bir qansha ko’birek ushi’rasadi’.

Qaraqalpaq tilinde singarmonizm ni’zami’ boyi’nsha tu’birge jalg’anatug’i’n qosi’mtani’n’ da tu’birdegi seslerden g’a’rezli yekenligi belgili. Biraq, sog’an qaramastan son’g’i’ waqi’tlarda si’rttan, singarmonizmi joq tillerden so’zlerdin’ kirip keliwi arqali’ bul qubi’li’sti’n’ buzi’li’w jag’daylari’ jiyi ushrasadi’. Al, tu’rkiy so’zlerde tu’birdin’ son’g’i’ sesinin’ qanday boli’wi’na baylani’sli’ sog’an jaqi’n yag’ni’y bir belgisi bolsa da uqsas seslerden baslang’an qosi’mtalar

jalg'anadi'[1]. Sonli'qtan bolsa kerek tu'rkiy tillerinde, soni'n' ishinde qaraqalpaq tilinde ha'r bir qosi'mtani'n' bir neshe variantlari' ushi'rasadi'. Yeger so'zdin' aqi'ri' u'nsiz dawi'ssi'z seske tamamlansa, wonda u'nsizden baslang'an qosi'mta, u'nlige juwmaqlansa, u'nli dawi'ssi'zdan baslang'an qosi'mta, sonor dawi'ssi'z seske pise, u'nli yamasa sonor sesten baslang'an qosi'mta jalg'anadi'. Ma'selen, barmaqqa, kitapti', aytti', iste, ko'zde, ku'ndizgi, bizdey, qi'zba, aspang'a, kelme, shamdi', da'pterge.

So'z benen so'zdin' arali'g'i'ndag'i' dawi'ssi'zlar qabatlasli'g'i' da tu'bir menen qosi'mta arali'g'i'ndag'i' dawi'ssi'zlar qabatlasli'g'i'na usas boladi'. Ma'selen, barmaq penen, ko'z benen, bari'p kel, ali'p qoydi', saqlap qaldi', aqsawlaq, ko'k ko'ylek, aq terek. Ko'rinip turg'ani'nday, u'nsiz benen u'nsiz (qp, pk, pq, qs, kk, qt), u'nli menen u'nli (zb) irgeles kelip, dawi's u'nlesligine sa'ykes qollani'lg'an. Biraq, ayi'ri'm jag'daylarda bul ni'zam toli'q saqlana bermeydi. Mi'sali': iship bol, ko'rip bol, tu'sinik berdi, dep dag'azaladi', bes mi'n' swm, to'rt da'pter, bes ruchka, bes ju'z swm, to'rt ju'z tonna biyday, u'sh nan. Bul mi'sallar u'nliden son' u'nli, u'nsizden son' u'nsiz dawi'ssi'z ses keledi degen ni'zamli'li'q so'z benen so'zdin' arali'g'i'ndag'i' dawi'ssi'zlar qabatlasli'g'i'nda toli'q saqlana bermeytug'i'nli'g'i'n ko'rsetip tur.

Solay yetip, qaraqalpaq tilindegi dawi'ssi'zlar qabatlasli'g'i' tu'bir qurami'nda, tu'bir menen qosi'mta shegarasi'nda ha'm so'z benen so'z arali'g'i'nda ushi'rasi'p, wolardi'n' ha'mmesine wortaq uluwmali'q ni'zamli'li'qlar menen birge ha'r birinin' wo'zine ta'n wo'zgeshelikleri bar yekenligi bayqaladi'. Dawi'ssi'zlar qabatlasli'g'i'n lingvistikali'q ko'z-qarastan arnawli' tu'rde u'yreniw arqali' seslerdin' qabatlasi'p jumsali'w ni'zamli'li'qlari' ha'm wolardi'n' distribusiyasi' haqqi'nda mag'luwmatqa iye bolami'z.

---

[1] Мырзабеков С. Қазақ тилиниң дыбыс жүйеси. Алматы, 1999, 83-б.

## Seslerdin' qabatlasli'g'i' ma'selesinin' izertleniwi

Tildegi ha'r qanday fonema so'zlerde ken'nen qollani'li'w mu'mkinshiligine iye. Belgili bir ses tek bir g'ana so'zde jumsali'p qoymastan, sonday-aq sol tildegi basqa ko'p sandag'i' so'zlerde de jumsala beretug'i'nli'g'i'n, tildegi bir neshe mi'n' so'zlerde az sandag'i' sanawli' fonemalardi'n' tu'rli kombinaciyalarda jumsala beretug'i'nli'g'i'n prof. L R Zinder ayri'qsha atap ko'rsetedi. “Tek bir g'ana fonemadan turatug'i'n so'zler tilimizde ju'da' az ushi'rasadi'. Wonda da wolardi'n' ha'mmesi de g'a'rezsiz sintaksislik birlik bola bermeydi. Bir fonemadan ibarat so'zler tek g'ana dialoglarda siyrek ushi'rasadi'. Mi'sali', rus tilinde “Mi'naw qaysi' ha'rip?” degen sorawg'a “O” yamasa “A” dep juwap beriw mu'mkin[1].

Demek, sesler mudami' birlikte, wo'z ara qari'm-qatnasta boli'p, tu'rli fonetikali'q jag'daylarda jumsaladi'. Biz so'ylew waqti'nda so'zlerdin' qanday fonemadan turatug'i'nli'g'i'na itibar bermesten, so'ylew ag'zalari'mi'z sol so'zdi ayti'wg'a beyimlesip oti'radi'. Bunda wolar qatan' ni'zamli'li'qqa tiykarlanadi'. Seslerdin' qabatlasli'g'i' – seslerdin' bir-biri menen qatar turi'wi', tariyxi'y jaqtan qa'liplesken worni' boli'p yesaplanadi'. Bul xali'qti'n' a'wladtan-a'wladqa wo'tip kiyati'rg'an tili menen ti'g'i'z baylani'sli'. Seslerdin' bir-biri menen birigiwi haqqi'ndag'i' ma'seleni analizley woti'ri'p, fonetikada seslerdin' qabatlasli'g'i'ni'n' yeki tu'ri bar yekenligi ani'qlandi'.

Tildegi dawi'sli' seslerdin' dawi'ssi'z sesler menen birigiwi yen' ko'p tarqalg'an ses birikpeleri boli'p tabi'ladi'. Bul jag'dayda dawi'ssi'z sestin' xarakteri ko'binese keyingi kelgen dawi'sli'g'a, tek geypara jag'daylarda g'ana aldi'ndag'i' dawi'sli' seslerge baylani'sli' boladi'.

---

[1] Зиндер Л Р. Общая фонетика, М.,1979. 217-б.

Qaraqalpaq tilin izertlewde yen’ da’slep woni’n’ seslik du’zilisi itibarg’a ali’nadi’. 1930-ji’llardan baslap ilimpazlar arasi’nda qaraqalpaq tilin izertlewge qi’zi’g’i’wshi’li’q artti’. Usi’ waqi’tqa shekemgi da’wirde qaraqalpaq tili izertlenbegen yedi. 1930-ji’llardi’n’ yekinshi yari’mi’nan baslap til biliminde tildin’ seslik du’zilisin izertlewge u’lken itibar berildi. Sonan berli aktual problemalardi’n’ biri retinde ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilinin’ seslik sistemasi’n u’yreniw lingvist ali’mlar ta’repinen dawam yetpekte. Qaraqalpaq tilin faktler tiykari’nda u’yreniwdi birinshilerden boli’p rus ali’mlari’ N.A.Baskakov, S.E.Malov, E.D.Polivanovlar baslap bergen yedi. Wolar qaraqalpaq tilinin’ da’slepki fonemali’q qurami’n, wolardi’n’ dawi’sli’ ha’m dawi’ssi’z boli’p bo’liniwin, qaraqalpaq tilinin’ wo’zine ta’n belgileri menen qazaq ha’m wo’zbek tillerinen ayi’rmashi’li’qlari’n ashi’p berdi.

1930-ji’llarg’a shekemgi da’wirde qaraqalpaq tilinin’ izertleniwi jo’ninde yen’ da’slepki mag’luwmatti’ S.E.Malovti’n’ miynetinen[1] alami’z. Bul miynetinde avtor qaraqalpaq tilinin’ u’yreniliw jag’dayi’, seslik du’zilisi ma’selelerin qarasti’rg’an. Bul miynette dawi’ssi’zlardi’n’ ha’r birine wo’z aldi’na toqtap, wolardi’n’ tilimizde qollani’li’wi’n, jasali’wi’na, jumsali’wi’na ayi’ri’qsha toqtap, mi’sallar menen da’liyllemekshi bolg’an. Ayi’ri’m kemshiliklerin yesapqa almag’ani’mi’zda bul miynet qaraqalpaq tilinin’ seslik sistemasi’n izertlewde yen’ da’slepki qunli’ miynet yesaplanadi’.

S.E.Malov joqari’dag’i’ miynetinde tiykarg’i’ di’qqatti’ qaraqalpaq tilinin’ seslik du’zilisine awdaradi’. Avtor qaraqalpaq tilinin’ dawi’ssi’z fonemalari’na si’patlama bergen, wolardi’n’ klassifikaciyasi’n keste arqali’ ko’rsetken, dawi’ssi’z

[1] Малов. С.Е «Каракалпакский язык и его изучение» Сб Каракалпакия. Труды I конференций по изучению производительных сил КК АССР I 1934 «Заметки о каракалпакском языке» Нукус 1966 г

fonemalardi’n’ artikulyaciyali’q ha’m akustikali’q ta’replerin mi’sallar arqali’ da’liyllemekshi bolg’an.

S.E.Malov dawi’ssi’z fonemalardi’n’ jasali’wi’na qaray ko’mekey, til arti’, til wortasi’, til aldi’, yerinlik, dep bo’ledi. Al wolardi’n’ jasali’w usi’li’na qaray birikpeli, jabi’si’n’qi’, qaptal juwi’si’n’qi’, dirildewik, muri’nli’q degen tu’rlerge bo’ledi. Sonday-aq avtor ha’r bir dawi’ssi’zg’a wo’z aldi’na toqtap, wolardi’n’ so’zlerde keliw jag’daylari’n, basqa seslerden wo’zinshelik belgilerine, j ha’m z dawi’ssi’zlari’ni’n’ sa’ykesligine[1] ha’m tag’i’ basqa ma’selerine toqtaydi’.

1. Qaraqalpaq tilinin’ seslik sistemasi’ni’n’ ayi’rmashi’li’q belgilerinen birin ko’rsetetug’i’n dawi’ssi’zlardi’n’ jabi’si’n’qi’ dawi’ssi’zdi’n’ juwi’si’n’qi’g’a aylani’wi’ qubi’li’si’na da «f» dawi’ssi’z sesinin’ mi’sali’nda toqtap wo’tedi.

2. Qaraqalpaq tilinde «y» ha’m «j» sesleri turaqli’ yemes, so’zdin’ basi’nda y seside j seside ushi’rasa beredi, biraq so’z basi’nda y sesinin’ keliwi wo’zbek tilinin’ ta’sirinen yemes, al bunday turaqsi’zli’qti’n’ boli’wi’ qaraqalpaq tili ushi’n a’zelden berli kiyati’rg’an qubi’li’s dep yesaplaydi’.

3. Qaraqalpaq tilinin’ qazaq tilinen basli’ ayi’rmashi’li’qlari’ni’n’ biri qaraqalpaq tilinde l sesinen baslanatug’i’n grammatikali’q formalardi’n’ qazaq tilinde d, t sesleri menen almaspawi’nda. Buni’ tasti’yi’qlaw ushi’n avtor qaraqalpaq tili ha’m qazaq tillerinen mi’sallar keltirgen.

Mi’sallar. atlan-attan, bawi’zla-bawi’zda h. t basqa.

Yeliwinshi ji’llarda qaraqalpaq tilin izertlep u’lken yeki tomli’q «Karakalpakskiy yazi’k» atli’ miynet do’retken N.A. Baskakov boldi’. Bul miynet qaraqalpaq tilinin’ rawajlani’wi’na u’lken ta’sir ko’rsetken yedi. Bul miynette fonetika tarawi’ yeki bo’limnen ibarat boli’p, tildin’ seslik du’zilisine avtor ayi’ri’qsha itibar bergen.

---

[1] С.Е. Малов Заметки о каракалпакском языке. Нукус 1966 г 24 бет

Dawi’ssi’zlar bo’liminde avtor qaraqalpaq a’debiy tilinde barli’g’i’ boli’p woti’z tog’i’z dawi’ssi’z ses jumsalatug’i’ni’n, soni’n’ ishinde jigirma jetisi dawi’ssi’z fonemalar ha’m won yekisi kombinatorli’q ren’kler bolatug’i’ni’n tasti’yi’qlaydi’. Solay yetip N.A. Baskakov dawi’ssi’zlardi’n’ yeki tu’rli fonemali’q qurami’n belgileydi. a’debiy tilde jigirma jeti, xali’q so’ylew tilinde jigirma fonemadan ibarat.

Ha’zirgi qaraqalpaq tilinin’ fonemali’q qurami’ tek janli’ xali’q so’ylew tiline tiykarlani’p g’ana ani’qlani’wi’ za’ru’r. Al jazi’wg’a a’lipbedegi ha’riplerdin’ i’n’g’ayi’na qaray tildin’ fonemali’q qurami’n ani’qlaw qa’telikke a’kelip sog’adi’. Sonli’qtanda N.A. Baskakovti’n’ qaraqalpaq a’debiy tilinde jigirma jeti dawi’ssi’z fonema bar degennen ko’re woni’n’ xali’q so’ylew tilinde jigirma dawi’ssi’z fonema bar degen pikiri shi’nli’qqa jaqi’ni’raq keledi.

N.A.Baskakovti’n’ pikirinshe dawi’ssi’zlar sistemasi’ qaraqalpaq tilinde differenciaciyali’q belgilerine qaray shawqi’mli’lar ha’m u’nsizler dep bo’ledi. Ja’nede dawi’ssi’z fonemalardi’ jasali’w worni’ boyi’nsha aldi’n’g’i’, wortan’g’i’, artqi’ dawi’ssi’zlar dep bo’ledi. Wol aldi’n’g’i’ dawi’ssi’zlarg’a yerinliklerdi, wortan’g’i’ dawi’ssi’zlarg’a til aldi’ ha’m til wortasi’ dawi’ssi’zlari’n, artqi’ dawi’ssi’zlarg’a til arti’, kishkene tillik, ko’mekey dawi’ssi’zlardi’ jatqaradi’. jasali’w usi’li’ boyi’nsha dawi’ssi’zlardi’ jabi’si’n’qi’ ha’m juwi’si’n’qi’, dawi’sti’n’ yaki shawqi’mni’n’ basi’mi’raq qatnasi’ jag’i’nan sonor ha’m shawqi’mli’, dawi’s shi’mi’ldi’g’i’ni’n’ qatnasi’na qaray u’nli ha’m u’nsiz dep bo’ledi. Solay yetip N.A. Baskakov dawi’ssi’zlardi’n’ si’patlamasi’ tiykari’nda wolardi’n’ fonetikali’q klassifikaciyasi’n beredi.

A’lbette N.A.Baskakovti’n’ qaraqalpaq tilinin’ seslik du’zilisi boyi’nsha aytqan pikirlerinin’ ha’mmesi shi’nli’qqa sa’ykes kelmeydi, bunday kemshilikler qaraqalpaq tilinin’ fonetikasi’n keyingi da’wirlerde izertlegen ilimpazlar ta’repinen wori’nli’ tu’rde si’ng’a ali’ndi’. Solayda N.A.Baskakovti’n’ bul miyneti

qaraqalpaq tilinin' fonetikasi'n, seslik du'zilisin, a'sirese, dawi'ssi'zlar sistemasi'n qalay qa'ytip izertlewde wog'ada a'hmiyetke iye boldi'. Wonda ayti'lg'an bir qatar pikirler tasti'yi'qlani'p bu'gingi ku'ngi qaraqalpaq til biliminde ken'nen qollani'p woti'r.

Qaraqalpaq tilinin' seslik du'zilisin izertlewde 1930-ji'llardi'n' basi'nda ko'rnekli tyurkolog-ilimpaz E.D.Polivanovti'n'da xi'zmeti ayi'ri'qsha boldi'. Wol Qaraqalpaqstanda boli'p, janli' xali'q so'ylew tilin baqlawlar tiykari'nda jazg'an ilimiy maqalalari'[1] ayri'qsha qaraqalpaq tilinin' seslik du'zilislerin izertlewde u'lken a'hmiyetke iye boldi'.

E.D.Polivanovti'n' baqlawi' boyi'nsha qaraqalpaq tilinin' konsonantizm sistemasi' qazaq tiline sali'sti'rg'anda bir fonemag'a arti'q. Qaraqalpaq tilinde bar «h» fonemasi' qazaq tilinde joq. Wol qaraqalpaq tilinin' fonemali'q qurami'ni'n' to'mendegishe yekenligin ko'rsetedi.

Dawi'ssi'zlar p, b, w, m, t, d, s, j, k, k, g, n, x, r, l, z, s.

Qaraqalpaq tili konsonantizminin' tag'i' bir ayri'qshali'q belgisi E. D. Polivanovti'n' ani'qlawi'nsha, jabi'si'n'qi' - juwi'si'n'qi' dawi'ssi'zlari'ni'n' ma'ni ayri'wshi'li'q qa'siyetinin' a'zziliginde boli'p yesaplanadi'. Bul ushi'n dize-tize, dene-ta'n, bal-pal h. t. basqa jeterli da'liyller mi'salg'a keltirilgen.

E. D. Polivanovti'n' dawi'ssi'z seslerge bergen si'patlamasi'ni'n' ko'pshiligi son'g'i' da'wirlerde eksperimental mag'luwmatlar menen toli'q tasti'yi'qlandi'.

Joqari'dag'i' ko'rsetip wo'tken S. E. Malov, E. D. Polivanov, N. A. Baskakovlardi'n' miynetlerinde qaraqalpaq tilinin' dawi'ssi'zlari'ni'n'

---

[1] Поливанов Е.Д Некоторые фонетические особенности каракалпакского языка – Сб. Труды по Хорезмской экспедиции Ташкент 1933 г

izertleniwi, klassifikaciyalani’wi’ qaraqalpaq tilin ilimiy izertlewdin’ yen’ da’slepki baslamasi’ boldi’.

Qaraqalpaq tilinin’ seslik du’zilisi bolg’an dawi’ssi’zlar son’g’i’ waqi’tlari’ jergilikli ilimpazlari’mi’z ta’repinen ken’nen izertlenip bardi’.

Qaraqalpaq tilinde dawi’ssi’zlar sistemasi’n wo’z miynetinde so’z yetken ilimpaz K.Ubaydullaev boldi’. Woni’n’ «Ha’zirgi zaman qaraqalpaq tili. «Fonetika» miyneti qaraqalpaq tilinde dawi’sli’lar menen qatar dawi’ssi’zlardi’ izertlewge arnalg’an. Bul miynetinde avtor dawi’ssi’zlarg’a ayri’qsha di’qqat awdarg’an.

Dawi’ssi’zlarg’a  avtor jasali’wi’nan baslap tilde qollani’li’wi’na shekem so’z yetedi. Miynette dawi’ssi’zlarg’a aji’rati’lg’an bo’limleri ilimiy ko’z-qaraslar di’qqatqa sazawar.

K.Ubaydullaev dawi’ssi’zlar so’ylew ag’zalari’ni’n’ bir bo’lek dara qi’ymi’ldap ha’reket yetiwinen payda boladi’. Dawi’ssi’zlardi’ aytqanda so’ylew ag’zalari’ni’n’ tosqi’nli’g’i’na ushi’rap, sonnan tu’rli shawqi’m payda boladi’ da fonaciyali’q hawa pa’tli shi’g’adi’, dawi’ssi’zlar u’n menen shawqi’mni’n’ qatnasi’nan jasaladi’ dep aytqan yedi. Solay yetip K.Ubaydullaev dawi’ssi’zlardi’n’ fonemali’q qurami’ ha’m wolardi’n’ artikulyaciyali’q si’patlamasi’ haqqi’nda mag’luwmat beriw maqsetinde dawi’ssi’zlardi’n’ kestesin du’zedi. Dawi’ssi’zlar fonemali’q qurami’n jigirma bes birlikten turadi’ dep yesaplaydi’.

Wolar. b, v, g, g, d, j, z, y, k, k, l, m, n, n, p, r, s, t, w, f, x, x, c, ch, sh.

Avtor bul dawi’ssi’zlardi’n’ tariyxi’y jaqtan qa’liplesiw etabi’n ha’m rawajlani’w izbe-izligin u’sh etap dawami’nda jetisti dep N.A. Baskakov aytqan pikirlerge qosi’ladi’. Solay yetip K.Ubaydullaev dawi’ssi’zlar sistemasi’n klassifikaciya jasaydi’.

Dawi’ssi’zlar dawi’s penen shawqi’mni’n’ qatnasi’na qaray. u’nli, i’zi’n’li’, i’zi’n’si’z.

So’ylew ag’zalari’ni’n’ qatnasi’ yamasa jasali’w worni’na qaray. qos yerinlik, tislik-yerinlik, tislik, til ushi’, til aldi’, til wortasi’, til arti’ ha’m ko’mekey.

Jasali’w usi’li’na qaray jabi’si’n’qi’, juwi’si’n’qi’, birikpeli boli’p bo’linedi.

K.Ubaydullaevti’n’ dawi’ssi’zlar sistemasi’n klassifikaciya jasawi’nda ha’zirgi qollani’p ju’rgen basqa terminlerdi qollanadi’. Mi’sali’ u’nlinin’ worni’na i’zi’n’li’, u’nsizdin worni’na i’zi’n’si’z, sonordi’n worni’na u’nli. Usi’nday ayi’ri’m terminologiyali’q jaqtan ketken kemshiliklerdi yesapqa almag’anda dawi’ssi’zlardi’n’ jasali’wi’nda dawi’s ha’m shawqi’mni’n’ qatnasi’n ha’m wolardi’n’ jasali’w usi’li’n avtor tiykari’nan duri’s bahalag’an. Al jasali’w usi’li’, worni’ boyi’nsha dawi’ssi’zlarg’a bergen artikulyaciyali’q si’patlama ha’m sog’an avtordi’n’ usi’ belgisi boyi’nsha klassifikaciyalawi’ geypara du’zetiwler kirgiziwdi talap yetedi. Bul miynettegi ayi’ri’m kemshilikler A.Da’wletovti’n’ miynetinde[1] eksperimental mag’luwmatlar tiykari’nda du’zetildi.

Joqari’dag’i’ ayi’ri’m terminologiyali’q kemshiliklerdi yesapqa almag’anda K.Ubaydullaevti’n’ «Fonetika»si’, qaraqalpaq tilinin’ seslik du’zilisin, dawi’ssi’zlar sistemasi’n u’yreniwde wo’z da’wirinde u’lken xi’zmet atqardi’.

Qaraqalpaq tilinin’ seslik du’zilisin, fonetikali’q wo’zgesheliklerin izertlewge si’rt yel ilimpazlari’da qi’zi’g’i’p woti’rdi’. Qaraqalpaq tilinin’ seslik du’zilisi Kolumbiya universitetinin’ professori’ Karl Menges ta’repinen arnawli’ tu’rde «Qaraqalpaq grammatikasi’. Fonologiya» kitabi’nda so’z yetiledi. Bul miynette avtor qaraqalpaq tilindegi dawi’sli’ sesler menen bir qatarda dawi’ssi’zlarg’a da si’patlama beredi. Qaraqalpaq tilindegi dawi’ssi’z sesler

---

[1] Дәўлетов А Ҳәзирги қарақалпақ тили. Фонетика. Нөкис 1999

bolg’an d-t alveol seslerin, til arti’ sesleri bolg’an g-g’ seslerin, b sesinin’ so’z aqi’ri’nda geyde tu’sip qali’wi’n qazaq tili menen qaraqalpaq tilinde birdey qubi’li’s dep ko’rsetedi.

K.Mengestin’ qaraqalpaq tilindegi dawi’ssi’zlardi’n’ ayi’ri’mlari’n qazaq tili menen birdey dep tasti’yi’qlawi’ qaraqalpaq tilin toli’g’i’raq u’yrenbegenliginen derek beredi. Biraq ta si’rt yel ilimpazi’ bola tura qaraqalpaq tilinin’ seslik du’zilisi menen qi’zi’g’i’p, wog’an itibar berip miynet do’retiwi qaraqalpaq til bilimi ushi’n u’lken a’hmiyetke iye boldi’.

Til biliminin’ rawajlani’wi’nda prof. D.S. Nasi’rovta belgili da’rejede u’les qosqanli’g’i’ belgili. Woni’n’ «Qaraqalpaq uluwma xali’qli’q so’ylew tilinin’ ha’m woni’n’ dialektlik sistemasi’» miynetinde qaraqalpaq tilinin’ dialektlik wo’zgesheliklerin izertlew menen qatar qaraqalpaq a’debiy tilinin’ seslik du’zilisi ma’selesi jo’ninde bahali’ pikirler aytti’.

D.S. Nasi’rovti’n’ baqlawi’ boyi’nsha xali’q so’ylew tilinde ha’m woni’n’ dialektlerindegi dawi’ssi’zlar qurami’ jigirma yeki fonemadan turadi’.

Wolar. b, w, g, g’, d, j, z, y, k, q, l, m, n, n’, r, s, t, x, sh, ch, x, p

Bulardan ti’sqari’ D.S. Nasi’rovti’n’ pikiri boyi’nsha v, f, c, j dawi’ssi’zlar fonemalari’ wori’s tilinen kirgen so’zlerde g’ana ushi’rasadi’ ha’m tek sawatli’, jas wo’spirimlerdin’ tilinde g’ana ushi’rasadi’ ha’m olardi’ yag’ni’y dawi’ssi’zlardi’ to’mendegishe klassifikaciyalaydi’.

1. Shawqi’mlar.

2. Sonorlar

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1. Shawqi’mli’lar. | a) Jabi’si’n’qi’. | 1)u’nliler | b, d, g; |
| | | 2) u’nsizler | p, t, k, k; |
| | b) Juwi’si’n’qi’. | 1) u’nliler | w, z, y, g; |
| | | 2) u’nsizler | s, sh, x, h, j |
| | v) Birikpeliler | 1) u’nli | j; |

2) u’nsiz ch;

2. Sonorlar 1 Muri’nli’q jabi’si’n’qi’lar. m, n, n’;

2 Qaptal ha’m dirildewik juwi’si’n’qi’lar. l, r;

Sonday-aq ko’rsetilgen dawi’ssi’zlar qaraqalpaq tilinin’ arqa ha’m qubla dialektlerinde ayi’ri’m wo’zgerisler menen jumsalatug’i’nli’gi’n da’liyllegen.

Qaraqalpaq tilinin’ dawi’ssi’zlar sistemasi’ boyi’nsha eksperimental izertlew jumi’slari’da islendi. Usi’nday izertlew jumi’si’n ali’p barg’an R.S. Beknazarova[1] boldi’. Bul jumi’s dawi’ssi’zlar sistemasi’ boyi’nsha yen’ da’slepki eksperimental ilimiy jumi’s boli’p tabi’ladi’.

Wol ha’zirgi qaraqalpaq tilinin’ dawi’ssi’zlar sistemasi’n eksperimental usi’llar ja’rdeminde izertlew ju’rgizdi. Wolda qaraqalpaq tilinin’ dawi’ssi’zlar fonemalari’ni’n’ qurami’n jigirma bes birlikten turadi’ degen. Wolar u’nli-u’nsiz, muri’nli’q-awi’zli’q, jabi’si’n’qi’-juwi’si’n’qi’ boli’p fonologiyali’q oppoziciyani’ payda yetedi degen yedi. Sonday-aq dawi’ssi’zlardi’n’ so’zdin’ yen’ basi’nda jumsali’w jiyiligin yesaplap, avtor mi’nanday juwmaqqa keledi.

1. Joqari’ jiyiliktegiler - v, k, z, 1, s
2. Wortasha jiyiliktegiler - m, 5, d, h
3. To’men jiyiliktegiler - n, g’, p, w, v, r, x, g, w, l, c, c, ch

Sonday-aq izertlewshi eksperimental mag’luwmatlar tiykari’nda qaraqalpaq tilinin’ dawi’ssi’zlari’na artikulyaciyali’q si’patlama beredi, wolardi’n’ sozi’mli’li’g’i’n ani’qlaydi’ ha’m wori’s, ukrain tillerinin’ sa’ykes keletug’i’n dawi’ssi’zlari’ menen sali’sti’radi’.

İzertlewshi dawi’ssi’zlar fonemalar fonologiyali’q qarama-qarsi’li’qli’ oppoziciyani’ du’zip u’nli-u’nsiz boli’p jubaylasatug’i’nli’g’i’n, wolarg’a b-p, v-f, d-t, s-z, g-k, g’-1, j-z dawi’ssi’zlari’ jatatug’i’ni’n’, sonday-aq to’rt u’nsiz

---

[1] Бекназарова Р.С Консонантизм современного каракалпакского литературного языка. Автореферат дисс.канд фил наук. Киев 1972 г 8 - стр

dawi’ssi’zlar s, c̓, x, h fonemalari’ korrelyativ dawi’sti’ qabi’l yetpeytug’i’ni’n jazadi’.

R.S.Beknazarovani’n’ so’z yetip woti’rg’an jumi’si’n qaraqalpaq tilin dawi’ssi’z fonemalari’n izertlewge bag’i’shlangan yen’ da’slepki arnawli’ ilimiy miynet retinde de qaraqalpaq tilinin’ seslik sistemasi’ menen basqa tillerdin’ atap aytqanda wori’s ha’m ukrain tillerinin’ seslik sistemasi’n sali’sti’ra woti’ri’p izertlewge arnalg’an jumi’s retinde de, sonday-aq seslik sistemani’ izertlewge de eksperimentalli’q usi’ldi’ qollang’an miynet retinde de qunli’ jumi’slardi’n’ qatari’nan wori’n aldi’.

Son’g’i’ 1990-ji’llardan baslap qaraqalpaq tilinin’ fonetika tarawi’ boyi’nsha ayi’ri’qsha izertlew jumi’slari’ ali’p bari’ldi’.

Qaraqalpaq tilinin’ seslik du’zilisin izertlewge A.Da’wletovti’n’ xi’zmeti ayri’qsha boldi’.

A.Da’wletov 1994-ji’li’ «Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilinin’ seslik du’zilisi» degen temada doktorli’q dissertaciya jaqladi’. 1995-ji’li’ usi’ temada monografiyasi’[1] basi’li’p shi’qti’. Monografiyada til biliminin’ jetiskenlikleri tiykari’nda ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilinin’ tutas seslik du’zilisi izertlengen. Dawi’ssi’zlardi’n’ fonemali’q qurami’ ani’qlang’an. Eksperimental mag’luwmatlar tiykari’nda ha’m avtordi’n’ wo’z baqlawlari’ tiykari’nda barli’q fonemalarg’a artikulyaciyali’q ha’m akustikali’q si’patlama bergen.

Bul miynet qaraqalpaq til biliminin’ jetiskenligi boli’p yesaplanadi’.

Akademik A.Da’wletovti’n’ tildin’ seslik sistemasi’, fonemali’q qurami’ ha’r bir dawi’ssi’zg’a eksperimental materiallar tiykari’nda artikulyaciyali’q jaqtan si’patlama beriw ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilinin’ izertleniwindegi u’lken tabi’s boli’p yesaplanadi’. İlimpazdi’n’ 1999-ji’li’ jari’q ko’rgen «Ha’zirgi qaraqalpaq

[1] Дәўлетов А Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң сеслик дүзилиси. Нөкис 1995 .

tili. Fonetika atli’ joqari’ woqi’w wori’nlari’ni’n’ talabalari’na arnalg’an sabaqli’g’i’ni’n’ qaraqalpaq tilinin’ seslik du’zilisin izertlewge arnalg’an yen’ bahali’ miynetlerinen yesaplanadi’.

Bizin’ bul pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zda akad. A.Da’wletovti’n’ joqari’dag’i’ izertlewleri qaraqalpaq tilinin’ seslik du’zilisin izertlewdegi eksperimental mag’luwmatlari’ tiykari’nda jazi’li’p woti’r. Bul miynet qaraqalpaq tilinin’ dawi’ssi’zlar sistemasi’n eksperimental usi’llarda ken’irek izertlegen. Dawi’ssi’zlardi’n’ fonemali’q qurami’n artikulyaciyali’q ha’m akustikali’q si’patlamasi’n, dawi’ssi’zlardi’n’ klassifikaciyasi’n bergen.

Avtor dawi’ssi’zlardi’n’ so’zlerdin’ ishinde qollani’li’wi’, fonologiyali’q oppoziciya du’ziwin fonemali’q ren’ki xi’zmetinde keliw jag’daylari’na ayi’ri’qsha di’qqat awdarg’an. Qaraqalpaq tilinin’ dawi’ssi’zlar sistemasi’na fonetikali’q - fonologiyali’q si’patlamasi’n beriwde bul miynet yen’ bahali’ miynet boli’p yesaplanadi’.

Tu’rkiy til biliminde fonemalardi’n’ qabatlasi’p jumsali’wi’ jo’ninde bir qansha miynetlerdi ushrati’wg’a boladi’. Wolardan N.A.Baskakovti’n’ yeki tomli’q “Karakalpakskiy yazi’k” miynetin, A.M.Shervak “Sravnitelnaya fonetika tyurkskix yazi’kov”, L.R.Zinder “Obshaya fonetika”, N.S.Trubeckoy “Osnovi’ fonologii”, V.V.Radlov “Opi’t slovarya tyurkskix narechiy” H.Nematov “Wzbek tili tarixiy fonetikasi”, M.Djusupov “Zvukovi’e sistemi’ russkogo i kazaxskogo yazi’kov”, A.Ayg’abi’lov “Qazaq tilinin’ morfonologiyasi’”, A.Djunisbekov “Prosodika slova v kazaxskom yazi’ke”, S.Mi’rzabekov “Qazaq tilindegi di’bi’star tirkesi”, M.Tomanov “Tu’rki tilderinin’ sali’sti’rmali’ fonetikasi’”, A.Da’wletov “Ha’zirgi qaraqalpaq tili. Fonetika”, M.Qudaybergenov “Qaraqalpaq tilinin’ morfonologiyasi’” miynetlerin atap wo’tiwimizge boladi’.

Dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasi’p jumsali’wi’n u’yreniw u’lken a’hmiyetke iye. Ha’r bir tildin’ dawi’sli’ ha’m dawi’ssi’zlardi’n’ wo’zine ta’n biri yekinshisi

menen dizbeklesip keliw ni’zamli’li’qlari’ boladi’. Qaraqalpaq tilindegi u’nli, u’nsiz ha’m sonor dawi’ssi’zlardi’n’ bir-biri menen dizbeklesip keliwin u’yrenip qarag’ani’mi’zda wolarda bir qatar ni’zamli’qlardi’n’ bar yekenin ko’remiz.

Qaraqalpaq tilindegi dawi’ssi’zlardi’n’ bir-biri menen dizbeklesip keliwine arnalg’an M.Qudaybergenovti’n’ maqalasi’[1] bar. Biz usi’ maqalag’a tiykarlang’an ha’r qi’yli’ qabatlasqan dawi’ssi’zlarg’a, geminat dawi’ssi’zlarg’a toqtadi’q.

Solay yetip, qaraqalpaq tilinde dawi’ssi’zlar sistemasi’ boyi’nsha yen’ da’slepki izertlew jumi’slari’nan baslap bu’gingi ku’nge shekemgi izertlewlerge toqtali’p wo’ttik. Ko’rip wo’tkenimizdey tildin’ seslik du’zilisin ani’qlawda wolardi’ klassifikaciyalawda da’slepki waqi’tlari’ qa’te-kemshiliklerde boli’p woti’rdi’. Biraqta keyingi ji’llarda son’g’i’ ko’z-qaraslar menen izertlew jumi’slari’n ju’rgiziw arqali’ qaraqalpaq tilinin’ seslik sistemasi’, soni’n’ ishinde dawi’ssi’zlar sistemasi’n izertlewler bir qansha jetiskenliklerge iye boldi’.

---

[1] Қудайбергенов М. Дистрибуция согласных звуков каракалпакского языка, -ӨзНА Қарақалпақстан бөлиминиң «Хабаршысы», 2001, №1-2, 113-115-бетлер.

# I BAP. Ha’r qi’yli’ dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasli’g’i’

Fonetika – til biliminin’ bir tarawi’ boli’p, tildegi seslerdin’ jasali’wi’n, yesitiliwin, seslik qubi’li’slardi’ u’yretetug’i’n ilim. Du’nya tillerinin’ ko’pshiliginde, soni’n’ ishinde qaraqalpaq tilinde so’ylew sesleri dawi’sli’ ha’m dawi’ssi’zlar boli’p yeki toparg’a bo’linedi. Til seslerin bulay yetip bo’liwde wolardi’n’ artikulyaciyali’q ha’m akustikali’q wo’zgeshelikleri, buwi’n quray ali’w yamasa quray almaw qa’siyetleri yesapqa ali’nadi’. Usi’ ko’z-qarastan qarag’anda, dawi’sli’ sesler wo’zlerinin’ artikulyaciyaliq belgileri boyi’nsha wo’kpeden shi’qqan hawa ag’i’mi’ni’n’ so’ylew ag’zalari’ni’n’ hesh jerinde tosqi’nli’qqa ushi’ramay, irkinishsiz shi’g’i’wi’, hawa ag’i’mi’ni’n’ pa’tinin’ wo’lpen’ boli’wi’ menen ayri’ladi’. Akustikaliq jaqtan dawi’sli’lar formantli’q qubi’li’sqa iye ha’m wolar tek dawi’stan turadi’. Ja’ne bir wo’zinsheligi dawi’sli’ fonemalar buwi’n quray ali’w qa’siyetine iye. Dawi’ssi’z fonemalardi’ aytqanda, wo’kpeden shi’g’i’p kiyati’rg’an hawa ag’i’mi’ni’n’ pa’ti ku’shli boladi’, so’ylew ag’zalari’ni’n’ tusi’nda tosqi’nli’qqa ushi’raydi’. Solay yetip, tildegi barli’q seslerdi aytqanda adam orgonlari’ bolg’an so’ylew ag’zalari’ni’n’ xizmeti ayriqsha. Sebebi, so’ylew ag’zalari’ arqali’ ha’r bir fonema jasaladi’, payda boladi’. Qaraqalpaq tilindegi ha’r bir fonemag’a eksperimental usi’lda baqlawlar wo’tkerilgen, wolardi’n’ qalay jasalip turg’anli’g’i’ ani’qlang’an.[1]

Tildegi fonemalardi’n’ jumsali’w jiyligi ma’selesi, a’sirese son’g’i’ da’wirde uluwma du’nya tillerinde lingvistlerdi qi’zi’qti’ri’p kiyati’r. Bul tildin’ grammatikali’q quri’li’si’ menen ti’g’i’z baylani’sli’ boladi’. So’zlerdi grammatikali’q baylani’sqa tu’sirip, ga’p quraw arqali’ adam wo’z woy-pikirin

---

[1] Da’wletov A. Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilinin’ seslik du’zilisi. No’kis, 1995.

bildiredi. So'z ha'm ga'p ma'ni bildiretug'i'n til birlikleri boladi'. Fonema jekke turi'p semantikali'q ma'ni bildire almaydi', biraq so'zlerdin' wo'zi fonemalardan quraladi'. Sonli'qtan so'z, ga'p ha'm seslerdi bir qatarg'a qoyi'p, wolardi'n' u'shewin ten'dey qatnastag'i' til birlikleri dewge bolmaydi'. Til birlikleri wortasi'ndag'i' seslerdin' tutqan worni'n belgilewde, a'sirese, prof. L.R.Zinderdin' mi'na pikirin inabatqa ali'w za'ru'r: ”Tilde tradiciyali'q tu'sinik bolg'an ha'r qi'yli' u'sh element bir-birinen ayri'li'p turadi'. Sesler, grammatika ha'm so'zlik degen pikir qayta quri'wdi' talap qi'ladi'. Seslik ta'repi bul tildin' u'shinshi bir elementi yemes, al so'zlerdin' ha'm grammatikali'q usi'llardi'n' jasawi'ni'n' za'ru'rli formasi'. So'zlik ha'm grammatikali'q quri'li's tildin' mazmuni'n qurasa, al seslik ta'repi tildin' materialli'q negizin, woni'n' fizikali'q formasi'n quraydi', – desek boladi'[1].

Qaraqalpaq tilindegi qabatlasqan dawi'ssi'zlardi' u'yreniw ushi'n da'slep dawi'ssi'zlardi'n' sani'n, wolardi'n' ayti'li'w ha'm jazi'li'w jag'daylari'n belgilep ali'w talap yetiledi. Sebebi, bu'gingi ku'nde qaraqalpaq til biliminde dawi'ssi'zlardi'n' sani' haqqi'nda ha'r qi'yli' pikirler ayti'li'p kelmekte. Yekinshiden, dawi'ssi'zlardi'n' qabatlasi'p jumsali'wi'n u'yreniwde basqa tillerden wo'zlestirilgen fonemalar yesapqa ali'ni'wi' kerek pe? – degen wori'nli' sorawlar payda boladi'.

M.Qudaybergenovti'n' maqalasi'nda bul ma'selege ayri'qsha di'qqat awdari'lg'an. Wol qaraqalpaq tilindegi 19 dawi'ssi'zdi'n' distribuciyasi'n u'yrengen. Woni'n' pikirinshe k ha'm q, g ha'm g' to'rtewi yeki fonema bolg'ani' menen wolardi' ses si'pati'nda qarag'an. Usi'g'an baylani'sli' b, g, g', d, j, z, y, w, l, m, n, n', p, r, s, t, sh, k, q yag'ni'y 19 dawi'ssi'zdi'n' distrivuciyali'q

---

1. Малов С.Е. Памятники древно-тюркской письменности. М-Л., 1952, 5-8-с.

si’patlamasi’na toqtag’an. Biz de usi’ ko’z-qarasqa qosi’lami’z. Yekinshiden, so’zlerdin’ ayti’li’wi’na itibar berdik.

Dawi’ssi’zlarg’a fonetikali’q ha’m fonologiyali’q si’patlama beriwde wolardi’n’ qabatlasqan jag’dayi’na itibar beriw kerek. Wolar so’zdin’ basi’nda, wortasi’nda ha’m aqi’ri’nda jumsali’wi’ jag’i’nan bir qi’yli’ yemes.

A’dette wolar yeki yamasa ko’p buwi’nli’ so’zlerde buwi’nlardi’n’ shegarasi’nda ushi’rasa beredi. Solay yetip, so’zdin’ wortasi’nda qabatlasqan dawi’ssi’zlar jumsali’wi’ jag’i’nan sheklenbeydi, al so’zdin’ aqi’ri’nda sheklengen halda jumsaladi’. So’zdin’ aqi’ri’nda tiykari’nan sonor dawi’ssi’zlar menen u’nsiz dawi’ssi’zlar qabatlasi’p keledi.

Akad. A.Da’wletov bi’lay jazadi: “Qabatlasqan dawi’ssi’zlardi’n’, soni’n’ ishinde geminat dawi’ssi’zlardi’n’ da morfemalar shegarasi’nda ushi’rasi’wi’n ayri’qsha tu’sindirip woti’ri’wdi’n’ za’ru’rligi joq. Sebebi, ko’p morfemali’ do’rendi so’zlerde aldi’n’g’i’ morfemani’n’ son’g’i’ sesi menen morfemani’n’ aldi’n’g’i’ sesinin’ dawi’ssi’z boli’p keliwi arqali’ wolar qon’si’las boli’p kelip, dawi’ssi’zlar qabatlasli’g’i’n payda yetedi. Qabatlasqan dawi’ssi’zlardi’n’, soni’n’ ishinde geminatlardi’n’ da morfemalar shegarasi’nda yemes, al bir morfemani’n’ qurami’nda ushi’rasi’wi’n da’liyllew qi’yi’n ha’m bul ayri’qsha izertlewdi talap yetedi”[1]. Mine, usi’ pikirdi basshi’li’qqa ali’p, biz dawi’ssi’zlardi’n’ tu’bir morfemalardi’n’ ishinde qabatlasi’p jumsali’wi’na toqtadi’q.

Bul ushi’n da’slep u’nli, son’ u’nsiz ha’m keyin sonor dawi’ssi’zlari’na bo’lek toqtadi’q. Usi’ arqali’ dawi’ssi’zlar topari’ni’n’ da bir-birinen ayi’rmashi’li’qlari’n ani’qlaw maqset yetip qoyi’ldi’.

---

[1] Da’wletov A. Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilinin’ fonetikasi’. No’kis, 2012, 166-b.

## a) U’nli dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasli’g’i’

Qaraqalpaq tilindegi b, g/g’, d, j, z u’nli dawi’ssi’zlari’ni’n’ morfemalarda basqa dawi’ssi’zlar menen qabatlasi’p jumsali’wi’ aytarli’qtay wo’nimli yemes.

M.Qudaybergenovti’n’ miynetinde wolardi’n’ qabatlasi’p jumsali’wi’n to’mendegi keste arqali’ ko’rsetken[1].

| U’nli dawi’ssi’zlar / Basqa dawi’ssi’zlar | B | G’ | G | D | J | Z |
|---|---|---|---|---|---|---|
| b | + | - | - | - | + | + |
| g’ | - | - | - | + | + | - |
| g | - | - | - | + | - | + |
| d | - | + | + | + | + | + |
| j | + | + | + | - | + | - |
| z | + | - | + | - | - | - |
| l | + | - | - | - | - | + |
| r | + | - | - | - | - | - |
| y | - | - | - | - | - | - |
| w | - | - | - | - | - | - |
| m | - | + | + | - | - | + |
| n | - | - | - | - | + | + |
| n’ | - | - | - | - | - | - |
| p | - | - | - | - | - | - |
| k | - | - | - | - | - | - |
| q | - | - | - | - | - | - |
| t | - | - | - | - | - | + |
| sh | - | - | - | - | - | + |
| s | - | - | - | - | - | + |

Kestede ko’rinip turg’ani’nday, u’nli dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasi’p jumsali’wi’ bir qansha sheklengen. Solay da wolarda ushi’rasatug’i’n qabatlasli’qti’ ken’ tu’rde u’yreniw za’ru’r.

[1] Кудайбергенов М. Қарақалпақ тилиниң морфонологиясы, Ташкент, 2006, 35-б.

Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilinde 25 dawi’ssi’z bar. Wolardi’n’ ishinde u’sh dawi’ssi’z (v, c, ch) wori’s tilinen kirgen so’zlerde, yeki dawi’ssi’z (f, h) arab-parsi’ tillerinen wo’zlestirilgen so’zlerde g’ana jumsaladi’.

Sonda tu’pkilikli so’zlerde jumsalatug’i’n dawi’ssi’z b, d, g/g’, x, j, k/q, l, m, n, n’, p, r, s, t, w, y, z, sh fonemalari’ qaladi’. Biz qarqalpaq tilinin’ orfografiyali’q so’zliginen u’nli dawi’ssi’z fonemalardi’n’ tek tu’pkilikli yemes, sonday-aq son’g’i’ da’wirlerde basqa tillerden wo’zlestirilgen fonemalardi’n’ da qabatlasi’p jumsali’wi’n ani’qlap shi’qti’q[1].

b fonemasi’ v, j, g/g’, p, f, t, s, sh, q/k, x, h, c, ch, m, n, n’, y, w fonemalari’ menen birge qollani’lmaydi’, al basqa dawi’ssi’z fonemalar menen qabatlasi’p jumsaladi’. Ma’selen, abbat, a’lha’bbiz, g’ubba, la’bba’y, muxabbat, ta’kabbil, ta’kabbir; a’bden, da’bdebe, da’bdebesiz, shabdal; abzal, abzac, a’bzeli, kebze; ablaut, blank, blok, bloknot, dublikat, qubla, la’blebi; algebra, brezent, bridji, britaniyali’, bronxit.[bb], [bd], [bz] – seslerinin’ qabatlasli’g’i’ tiykari’nan si’rttan kirgen so’zlerde, ko’binese arab-parsi’ tillerinen wo’zlestirilgen so’zlerde ushi’rasadi’. [bl], [br] – seslerinin’ qabatlasli’g’i’ tiykari’nan rus tili ha’m rus tili arqali’ basqa tillerden kirip kelgen so’zlerde jiyi qollani’ladi’.

v fonemasi’ tu’rkiy tillerine son’g’i’ da’wirlerde kirip kelgeni ushi’n, bul fonemani’n’ qabatlasi’p qollani’li’wi’ da rus tili ha’m rus tili arqali’ kelip kirgen wo’zlestirme so’zlerdin’ qurami’nda ushi’rasadi’. v fonemasi’nan keyin t, m, n, l, r fonemalari’ menen keledi, qalg’an dawi’ssi’zlar menen qatar qollani’lmaydi’. Ma’selen, avtobus, avtojol, avtol, avtomat, avtor; pnevmatika, revmatizm; podpolkovnik, polkovnik; agglyutinativlik, aktivleniw, infinitivlik, obektivli, ekspressivlik; vrach, evrey, lavr, nevroz, plevrit, evrika.

---

[1] Қарақалпақ тилиниң орфографиялық сөзлиги. - Нөкис: Қарақалпақстан. 1990.

d fonemasi'nan keyin b, v, j, z, g/g', p, f, t, s, sh, q, x, h, c, ch, n', y, w fonemalari' qollani'lmaydi', al basqa fonemalar menen birge jumsali'p qabatlasli'q payda yetedi. Ma'selen, budda, g'oddaslaw, qa'ddi-qa'wmeti, mu'ddetli, sa'dde, ha'dden; budka, zaryadka, medkomissiya, razvedka, redkollegiya; administrator, administraciya, admiral; ahidnama, rudnik; velosipedli, dadlaw, yodli', kislorodli', metodli', sudlani'w, shadlani'w, yadlati'w; avtodrom, adres, aerodrom, velodrom, drama, ippodrom, kadr, kafedra, kvadrat, medrese, yadro. [dd], [dk], [dm], [dn], [dr] – seslerinin' qabatlasli'g'i' si'rttan kirgen wo'zlestirme so'zlerdin' qurami'nda, al [dl] seslerinin' qabatlasli'g'i' tiykari'nan tu'bir ha'm qosi'mta arali'g'i'nda jumsaladi'.

Biraq d fonemasi' b, v, j, z, p, f, t, s, sh, q, h fonemalari' menen wo'zlestirme so'zlerdin' qurami'nda qabatlasi'p jumsalg'ani' menen ayti'lg'an waqi'tta qasi'ndag'i' fonemani'n' i'n'g'ayi'na qaray wo'zgerip ayti'ladi'. Ma'selen, ba'dbaq; advokat, advokatura; adjar, bridji, byudjet, djemper, kottedj; dzot; medpunkt, podpolkovnik; medfak, feldfebel; paroxodtay, pedtexnikum; zu'ryadsi'zli'q, kislorodsi'z; velosipedshi, dokladshi', paraxodshi'; yadqa ali'w, razryad-qa; ba'dhasi'l.

Bir qansha izertlewshiler yeski da'wirde tu'rkiy tilinde j fonemasi' bolmag'an dep yesaplaydi'.[1] Bul pikirdin' ta'reptarlari' so'z basi'ndag'i' y sesinin' wo'zgerisin bi'lay tu'sindiredi: [y]-[dj]-[j]. Sonli'qtan bul fonemani'n' qabatlasli'g'i' ju'da' siyrek ushi'rasadi'. j fonemasi' b, d, j, g/g', m, n, l fonemalari' menen qabatlasi'p jumsaladi', al qalg'an fonemalar menen qabatlasi'p jumsalmaydi'. Ma'selen, bajban, ma'jbu'r; hu'jdan, hu'jdansi'z; g'ajja-g'aj, ta'jjal, hu'jjet; ma'jgu'n; mi'jg'i', mi'jg'i'w; pa'jmu'rde; bi'jnaw, g'i'jnag'an; garajli',

---

[1] Богородицкий В.А. Введение в татрское языкознание. Казань, 1955.

g’i’jlaw, ilajlaw, massajlaw, montajlaw, mu’ta’jli, peyzajli’, tirajli’, wa’jlesiw, ha’wijleniw, shajlaw, ekipajli’.

U’nli dawi’ssi’z fonemalardi’n’ ishinde z fonemasi’ qabatlasi’p jumsali’w boyi’nsha ju’da’ jiyi qollani’li’p, al j, p, f, s, sh, h, c, ch, n’, y, w fonemalari’ menen qabatlasi’p jumsalmaydi’. Al qalg’an 12 dawi’ssi’z fonema menen qabatlasi’p jumsaladi’. Buni’ to’mendegi mi’sallarda ani’q ko’riwimizge boladi’. Ma’selen, gezbe, dizbe, dizbek, yezbe, jazba, ju’zbe-ju’z, ko’rgizbe, qazba, qi’zba; zveno, razvedka; abaysi’zda, az-azdan, azdi’ri’w, awi’zdan, gezdiriw, du’zdegi, jazdi’ri’w, jezde, sezdi, poezd, tozdi’ri’w; ga’zzap, go’zzal, g’a’zzel, izzet, la’zzet; bezgek, gu’zgi, ko’zgenek, mezgil, wo’zge, su’zgi, su’zgish; azg’i’n, bozg’i’lt, jazg’i’, jazg’i’sh, qozg’alan’, qi’zg’anshaq, si’zg’i’sh, i’zg’ar; biztumsi’q, boztorg’ay, jezti’rnaq; awi’zqabaq, bizquyri’q, ko’zqaras, ko’zqulaq; ko’zko’reki, segizko’z; juwazxana, muzxana; avtomatizm, argotizm, vokalizm, klizma, mazmun, plazma, prizma, turizm, xi’zmet; biznes, giznew, g’azna, qazna, pazna; azlap, awi’zli’, bozlaq, gazlesiw, duzlaw, yetsizlew, izlew, qi’zli’, muzli’q, so’zlik, tezlik; razryad, razryadli’.

g ha’m g’ seslerinin’ basqa dawi’ssi’zlar menen qabatlasi’p jumsali’wi’ ju’da’ az ushi’rasadi’. g sesinen wo’zinen keyin g/g’, p, f, t, s, sh, q/k, x, h, c, ch, n’, y, w fonemalari’ qollani’lmaydi’, qalg’an dawi’ssi’z fonemalar menen qabatlasi’p, 9 qabatlasli’q jasaydi’. Ma’selen, degbir, segbir, shlagbaum; urugvay, gvardiya; jegde; jegjat, yegjey-tegjey; megzes, megzew; paradigma, pigment, segment, sintagma; gnoseologiya, diagnoz, magnit, signal; beglerbegi, globus, yegleniw, uglevod, uglerod, utyuglew; agrarli’, agronom, anagramma, gradus, gramm, grek;

g’ sesi b, j, g/g’, p, f, t, s, sh, q/k, x, h, c, ch, n, n’, r, y, w fonemalari’ menen qabatlasi’p qollani’lmaydi’, wol tek 5 qabatlasli’q g’ana jasaydi’. Ma’selen,

i’g’bal; bag’dar, dag’dari’s, jag’day, mug’dar, ta’g’dir; ag’za, zag’zaqi’; bag’man, lag’man; ag’la, bag’li’, mag’luwmat, shag’law;

Solay yetip, qaraqalpaq tilindegi u’nli dawi’ssi’z fonemalardi’n’ qabatlasli’g’i’ 49 boli’p, wolardi’n’ ha’r biri basqa dawi’ssi’z fonemalar menen qabatlasi’p jumsali’wi’ boyi’nsha tu’rlishe yekenligi ani’qlandi’. Bul qabatlasli’qlardi’ ani’qlaw fonetika ushi’n da, morfonologiya ushi’n da a’hmiyetli boli’p yesaplanadi’.

N. A. Baskakovti’n’ ani’qlawi’nsha, tu’rkiy tillerde, soni’n’ ishinde qaraqalpaq tilinde so’zler dawi’ssi’z + dawi’sli’ + dawi’ssi’z quri’li’si’na iye bolg’an. Keyin dawi’sli’, dawi’ssi’z + dawi’sli’, dawi’sli’ + dawi’ssi’z, daawi’sli’ +dawi’ssi’z + dawi’ssi’z, dawi’ssi’z + dawi’sli’ + dawi’ssi’z + dawi’ssi’z tu’bir so’zler payda bolg’an[1].

Yeger usi’ ko’z-qarasti’ basshi’li’qqa alg’ani’mi’zda, keltirilgen so’zlerimiz tariyxi’y tu’bir morfemalar boli’p yesaplanadi’.

Uluwma aytqanda, qaraqalpaq tilindegi u’nli dawi’ssi’zlardi’n’ basqa dawi’ssi’zlar menen qabatlasli’g’i’ tek inlaut poziciyada g’ana ushi’rasadi’.

Ayi’ri’m ilimpazlar tu’rkiy tillerdegi dawi’ssi’zlar sheklengen halda bolatug’i’ni’n, dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasi’wi’ wolardi’n’ intervokal jag’dayi’ndag’i’ turaqli’li’g’i’n ta’miyin yetetug’i’n qosi’msha usi’l dep yesaplaydi’. Haqi’yqati’nda da, qabatlasqan dawi’ssi’zlar dara dawi’ssi’zlarg’a sali’sti’rg’anda, qosi’msha turaqli’li’qqa iye boladi’. Mi’sali’, intervokal jag’daydag’i’ qabatlasqan u’nsiz dawi’ssi’zlar u’nliler menen wori’n almaspaydi’;

---

[1] Баскаков Н. А. Историко-типологическая фонология тюркских языков, М, 9-б.

jabi’si’n’qi’lar juwi’si’n’qi’lar menen wori’n almaspaydi’. Al dara jag’dayda wolar wori’n almasadi’.

Qaraqalpaq tiline wori’s tili arqali’ wo’zlestirilgen, quri’li’si’nda yeki u’nli qabatlasi’p jumsalatug’i’n ayi’ri’m so’zler de bar. Ma’selen, poezd, syezd ha’m t.b. so’zlerdi keltiriwge boladi’. Biraq janli’ so’ylew tilinde wolardi’n’ son’i’ndag’i’ u’nli dawi’ssi’z ses tu’sirilip ayti’ladi’: poyi’z, sez. Bul qaraqalpaq tilinde u’nli dawi’ssi’zlardi’n’ bir buwi’n quri’li’si’nda jumsala almaytug’i’nli’g’i’n tasti’yi’qlaydi’. Yekinshiden, N. A. Baskakovti’n’ tu’rkiy tillerde so’zler dawi’ssi’z + dawi’sli’ + dawi’ssi’z tu’rine iye bolg’an degen pikirinin’ duri’s yekenin de ko’rsetedi.

Solay yetip, qaraqalpaq tilindegi u’nli dawi’ssi’z fonemalardi’n’ morfemalar poziciyalari’nda jumsali’wi’ ha’m basqa dawi’ssi’zlar menen qabatlasi’p keliwinin’ wo’zine ta’n wo’zgeshelikleri bar. Wolar qaraqalpaq tilinin’ basli’ fonetikali’q ni’zamlari’ni’n’ biri boli’p yesaplanadi’. U’nli dawi’ssi’zlar tu’bir ha’m affiks morfemalarda jumsali’wi’ boyi’nsha bir-birinen u’lken ayi’rmashi’li’qlarg’a iye. Barli’q u’nli dawi’ssi’zlar ushi’n uluwmali’q distribuciyali’q belgi si’pati’nda wolardi’n’ tek u’nli ha’m ayi’ri’m sonor dawi’ssi’zlar menen dizbeklesip jumsali’wi’n atap ko’rsetiwge boladi’. Tu’bir morfemalarda u’nli dawi’ssi’z fonemalardi’n’ qabatlasi’p jumsali’wi’ wo’nimsiz si’patqa iye. Wolar ko’birek qaraqalpaq tiline arab-parsi’ tillerinen kirgen so’zlerdin’ qurami’nda ushi’rasadi’. Bunday wo’zgeshelik tu’rkiy tillerde da’slep so’zlerdin’ bir buwi’nli’ boli’wi’ ha’m u’nli dawi’ssi’z fonemalardi’n’ son’ payda boli’w jag’daylari’ menen ti’g’i’z baylani’sli’. U’nli dawi’ssi’zlar u’nsiz dawi’ssi’zlardi’n’ u’nlesiw qubi’li’si’nan payda bolg’an. Buni’ tu’rkiy tiller boyi’nsha izertlew ju’rgizgen ilimpazlardi’n’ miynetleri, yeski tu’rkiy jazba yestelikleri tili, ha’zirgi tu’rkiy tillerdegi ayi’ri’m til faktleri toli’q tasti’yi’qlaydi’.

## b) U’nsiz dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasli’g’i’

Qaraqalpaq tilindegi u’nsiz dawi’ssi’zlar boli’p yesaplanatug’i’n p, k/q, t, sh, s fonemalari’ni’n’ da wo’zine ta’n bolg’an basqa dawi’ssi’zlar menen qabatlasi’p keliw ni’zamli’qlari’ bar. Wolar u’nli dawi’ssi’zlar menen qabatlasi’p kelmeydi. Bul haqqi’nda M.Qudaybergenov wo’z miynetinde ken’ tu’rde toqtap wo’tip, to’mendegi kesteni keltiredi[1].

| U’nsiz dawi’ssi’zlar / Basqa dawi’ssi’zlar | P | Q | K | T | Sh | S |
|---|---|---|---|---|---|---|
| b | - | - | - | - | - | - |
| g’ | - | - | - | - | - | - |
| g | - | - | - | - | - | - |
| d | - | - | - | - | - | - |
| j | - | - | - | - | - | - |
| z | - | - | - | - | - | - |
| l | - | + | - | + | + | + |
| r | - | - | - | - | - | - |
| y | - | - | - | - | - | - |
| w | - | - | - | - | - | - |
| m | - | - | - | - | + | - |
| n | - | - | - | + | - | - |
| n’ | - | - | - | - | - | - |
| p | + | + | + | + | + | + |
| k | + | - | + | + | + | + |
| q | + | + | - | + | + | + |
| t | + | + | + | + | + | + |

[1] Кудайбергенов М. Қарақалпақ тилиниң морфонологиясы, Ташкент, 2006, 36-б.

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| sh | + | + | + | + | + | - |
| s | + | + | + | + | - | + |

Biz qaraqalpaq tilinin’ orfografiyali’q so’zligi ja’rdeminde barli’q u’nsiz dawi’ssi’z fonemalardi’n’ qabatlasli’g’i’n analizlep shi’qti’q.

U’nsiz dawi’ssi’z fonemalardi’n’ qabatlasi’p jumsali’wi’nda da u’nli dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasi’g’i’n ani’qlag’ani’mi’z si’yaqli’ uluwma tilimizde qollani’latug’i’n barli’q so’zler mi’sali’nda analizlep shi’qti’q.

Tu’pkilikli so’zlerde p dawi’ssi’zi’ p, q, t dawi’ssi’zlari’ menen g’ana qabatlasi’p jumsala aladi’. Al k dawi’ssi’zi’ k, sh, s dawi’ssi’zlar qabatlasli’g’i’n payda yetedi. Mi’sali, appaq, toppi’, jupqa (tawar), shi’pta, ha’kke, tekshe, tekser ha’m t.b. Yeger wolardi’n’ qabatlasli’g’i’na etimologiyali’q tallaw jasap qarag’ani’mi’zda, wolardi’n’ buri’n yeki tu’bir bolg’ani’ ani’q seziledi. Mi’sali, appaq so’zi artti’ri’w da’rejesi ap-aq so’zinin’ seslik wo’zgeriske ushi’rawi’nan kelip shi’qqan. Shi’pta degende ta ayi’ri’m so’zlerde feyil jasawshi’ affiks xi’zmetinde jumsaladi’: qi’m-ta. Bul da bizin’ keltirilgen so’zler yeki morfema bolg’an degen pikirimizdi tasti’yi’qlaydi’.

Qaraqalpaq tilindegi q dawi’ssi’zi’ p ha’m k dawi’ssi’zna sali’sti’rg’anda bir qatar dawi’ssi’zlar menen dizbeklesip keledi. Wol to’mendegidey dawi’si’zlar qabatlasli’g’i’n payda yetedi. ql, qm, qn, qp, qq, qt, qsh, qs. Mi’sali’, qi’lqa, qalqan, taqmaq, saqla, maqpal, shaqqi’, toqta, qaqshi’, shalqi’ ha’m t.b. Qaraqalpaq tilindegi ayi’ri’m qospa affikslerde de q dawi’ssi’zi’ni’n’ qabatlasi’wi’ ko’rinedi:
-maqshi’//-mekshi, -maqta//-mekte ha’m t.b.

Ha’zirgi qaraqalpaq tilinde daraq so’zi wo’zbek tilinde daraqt tu’rinde qollani’ladi’. Qaraqalpaq tili ushi’n u’nsiz dawi’ssi’zlardi’n’ bir buwi’n qurami’nda qabatlasi’p keliwi ta’n yemes. Sonli’qtan keyingi dawi’ssi’z tu’sip qalg’an.

Qaraqalpaq tilindegi dos, qas so’zleride sepelengende, tarti’mlang’anda wolarda “awi’si’q” t fonemasi’ni’n’ payda boli’wi’ seziledi. Parsi’ tilinen

wo’zlestirilgen bul so’zdin’ tu’biri dost, qast bolg’an. Biraq yeki u’nsiz dawi’ssi’z bir buwi’n qurami’nda kele almag’anli’qtan, wolarda t fonemasi’ tu’sip qalg’an. Seplengende, tarti’mlang’anda payda bolatug’i’ni’ni’n’ sebebi wolar bul jag’dayda yeki buwi’ng’a aylanadi: dos-ti’m, qas-ti’n’ ha’m t.b.

Qaraqalpaq tilindegi t fonemasi’ tl, tn, tp, tt, tsh qabatlasli’g’i’n payda yetedi. Mi’sali, atla, jatna, ketpen, qatti’, patsha ha’m t.b. Bul so’zlerdegi keyingi bo’lekleri basqa so’zlerde morfema xi’zmetin atqara aladi’. Sonli’qtan t fonemasi’ni’n’ dizbegi tek son’ payda bolg’an qubi’li’s si’pati’nda bahalanadi’. Qaraqalpaq tilindegi sh fonemasi’ k/q, t, sh fonemalari’ menen, s fonemasi’ l, k, t, s fonemalari’ menen dizbeklesip shq, shk, sht, shsh, sl, sq, st, ss dawi’ssi’zlari’ qabatlasli’g’i’n payda yetedi. Mi’sali’, shoshqa, eshki, ashshi’, tasla, qi’sqa, estelik, i’ssi’ ha’m t.b.

Uluwma aytqanda, u’nsiz dawi’ssi’zlardi’n’ da wo’zine ta’n distribuciyali’q wo’zgeshelikleri bar. Wolar da u’nli dawi’ssi’zlar si’yaqli’ ha’zirgi tu’bir so’zlerde dawi’ssi’zlar qabatlasli’g’i’n payda yetedi. Son’g’i’ waqi’tlari’ dawi’ssi’zlardi’n’ distribuciyasi’n u’yreniw til biliminin’ morfologiya tarawi’nda u’yreniliwi kerek degen pikirler ayti’lmaqta[1]. Haqi’yqati’nda da, dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasi’p keliwi morfemalar menen ti’g’i’z baylani’sli’. Sonli’qtan morfemalar menen baylani’sli’ halda wolardi’n’ qabatlasi’p jumsali’wi’n u’yreniw za’ru’r.

---

[1] Qudaybergenov M. Ko'rsetilgen maqalasi', 113-115-b.b.

### c) Sonor dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasli’g’i’

Qaraqalpaq tilindegi sonor dawi’ssi’zlar bolg’an m, n, n’, w, r, y, l fonemalari’ni’n’ da basqa dawi’ssi’zlar menen qabatlasi’p keliw wo’zgeshelikleri bar. Wolardi’ u’nli ha’m u’nsiz dawi’ssi’zlarg’a sali’sti’rg’ani’mi’zda a’dewir pari’q seziledi.

M. Qudaybergenov wo’zinin’ miynetinde sonor dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasli’g’i’n to’mendegi keste arqali’ beredi[1].

| Sonor dawi’ssi’zlar / Barli’q dawi’ssi’zlar | M | N | N’ | R | Y | W | L |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| b | + | + | + | + | + | + | + |
| g’ | + | - | + | + | + | + | + |
| g | + | - | + | + | + | + | + |
| d | + | + | + | + | + | + | + |
| j | + | + | + | + | + | + | + |
| z | + | + | + | + | + | + | + |
| l | + | - | + | + | + | + | + |
| r | - | - | - | + | + | + | - |
| y | - | - | - | + | + | - | - |
| w | - | - | - | + | + | - | + |
| m | + | + | + | + | + | + | + |
| n | + | + | + | + | + | + | + |
| n’ | - | - | - | - | - | - | - |
| p | - | - | - | + | + | + | + |
| k | + | - | + | + | + | + | + |
| q | + | - | + | + | + | + | + |
| t | + | + | + | + | + | + | + |
| sh | + | + | + | + | + | + | + |

[1] Қудайбергенов М. Қарақалпақ тилиниң морфонологиясы, Ташкент, 2006, 35-бет.

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| s | + | + | + | + | + | + | + |

Barli’q sonor dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasi’p jumsali’wi’n orfografiyali’q so’zlik tiykari’nda ani’qlap shi’qti’q.

U’nli ha’m u’nsiz dawi’ssi’z fonemalardi’n’ qabatlasli’g’i’na sali’sti’rg’anda, sonor dawi’ssi’z fonemalardi’n’ qabatlasi’p jumsali’wi’ jiyi ushi’rasadi’.

Qos yerinlik m dawi’ssi’zi’ tu’bir morfemalar da b, z, l, m, p, k/q, t, sh, s dawi’ssi’zlari’ menen dizbeklesip kele aladi’. Bunnan ko’rinip turg’ani’nday, woni’n’ distribuciyasi’ a’dewir ken’. Ma’selen, qi’mbat, hamza, ha’mme, mu’mkin, ma’mleket, du’mpek, tumsi’q, qamshi’, tamshi’ ha’m t.b.

Sonor dawi’ssi’zlardi’n’ ja’ne bir wo’zgesheligi, wolar bir buwi’n quri’li’si’nda da u’nli ha’m u’nsizler menen qabatlasi’p kele aladi’. Ma’selen, m sonor dawi’ssi’zi’ tomp, gu’mp si’yaqli’ so’zler de p dawi’ssi’zi’ menen dizbeklesip kelip tur.

Tu’pkilikli tu’rkiy so’zlerde n dawi’ssi’zi’ d, j, z, t, sh, s dawi’ssi’zlari’ menen kele aladi’: yendi, ja’njel, tentek, yenshi, Tashkent ha’m t.b. Wol bir buwi’n quri’li’si’nda ayi’ri’m u’nli ha’m u’nsiz dawi’ssi’zlar menen dizbeklesip kele aladi’: Tashkent, Samarqand, Qoqand ha’m t.b. Biraq janli’ so’ylew tilinde n sonor dawi’ssi’zi’nan son’ kelgen u’nli ha’m u’nsiz dawi’ssi’zlar tu’sirilip ayti’ladi’: Samarqan, Tashken, Qoqan.

Tiykari’nan kent so’zi parsi’ tilinen wo’zlestirilgen boli’p yesaplanadi’. Biraq ayi’ri’m so’zlerde n dawi’ssi’zi’nan son’ kelgen dawi’ssi’z tu’sirilmeydi. Mi’sali’, qunt, ant, jent ha’m t.b. Demek sonor dawi’ssi’zlardi’n’ bir buwi’n qurami’nda u’nli yamasa u’nsiz dawi’ssi’zlar menen keliwi ayi’ri’qsha qi’zi’g’i’wshi’li’qti’ tuwdi’radi’. Wolardi’ ha’r ta’repleme izertlew talap yetiledi.

Qaraqalpaq tilindegi n’ dawi’ssi’zi’ tan’ba, ten’ge, jan’g’i’ri’q, qan’li’, mo’n’ke, man’qa, qan’tar, qon’si’ ha’m t.b. so’zlerde n’b, n’g, n’g’, n’l, n’q, n’k, n’t, n’s dizbeklerin morfemalardag’i’ buwi’nlar shegarasi’nda payda yetip tur. Al

dan'q, shan'q, mu'n'k ha'm t.b. so'zlerde bir buwi'n quri'li'si'nda k ha'm q dawi'ssi'zlari' menen dizbeklesip tur.

Qaraqalpaq tilindegi awi'zli'q sonorlardi'n' basqa dawi'ssi'zlar menen dizbeklesip keliwi wog'ada wo'nimli.

R dawi'ssi'zi' derlik barli'q basqa fonemalar menen dizbeklesip kele aladi'. Mi'sali', arba, irge, torg'ay, marjan, i'rza, erke, arpa, qi'rsi'q, erte, arsha ha'm t.b. Mi'sallardan ko'rinip turg'ani'nday wol n' dawi'ssi'zi'nan basqa barli'q dawi'ssi'zlar menen tu'bir morfemalardag'i' buwi'nlar shegarasi'nda dizbeklesip kele aladi'. Sonday-aq r dawi'ssi'zi' bir buwi'n quri'li'si'nda to'rt, u'rp, qarsh, tars, turs so'zlerinde ushi'rasadi'.

Y, w, l dawi'ssi'zlari' da derlik barli'q dawi'ssi'zlar menen dizbeklesip kele aladi'. Mi'sali', y dawi'ssi'zi' yb, yd, yg, yj, yz, yr, yk, yq, yw, yn, ym, yt, ysh, ys dizbeklerin du'zedi: aybi'n, mayda, g'ayza, ayran, u'yke, qayqi', haywan, sayman, iyshan, qayshi', ayna, iyne, ayt, Aysha, qaysi' ha'm t.b. wol da bir buwi'n quri'li'si'nda ayt, qayt, bu'yt ha'm t.b. so'zlerde ushi'rasadi'.

W ha'm l sonor dawi'ssi'zlari' ta'wbe, sawg'a, awna, g'awza, a'wpildek, belgi, alg'a, u'lke, ji'lqi', qalpi', bulshi'q, selpi, tu'lki ha'm t.b. dawi'ssi'zlar menen dizbeklesip kelip tur.

Uluwma atqanda, qaraqalpaq tilindegi sonor dawi'ssi'zlar morfemalar ishindegi buwi'nlar shegarasi'nda ha'm ayi'ri'm bir buwi'nli' so'zlerdin' quri'li'si'nda basqa dawi'ssi'zlar menen dizbeklesip jumsaladi'.

Tu'pkilikli tu'rkiy so'zlerdin' basi'nda dawi'ssi'z seslerdin' qabatlasi'p keliwi ushi'raspaydi'. "Al wori's tilinen wo'zlestirilgen ha'm qabatlasqan dawi'ssi'zlardan baslanatug'i'n so'zler awi'zeki so'ylew tilinde fonetikali'q wo'zgerislerge ushi'raydi': Qabatlasqan dawi'ssi'zlardi'n' aldi'na yamasa

wortasi'nda protezali'q yamasa epentezali'q qi'si'q dawi'sli' ses qosi'li'p ayti'ladi'[1]."

Usi'g'an baylani'sli' bu'gingi jazi'w ta'jriybemizde ha'r qi'yli' boli'p jazi'li'p ju'rgen so'zler de ushi'rasadi'. Ma'selen, ayi'ri'm qabatlasi'p kelgen dawi'ssi'zlardi'n' arasi'na dawi'sli' sesti qosi'p jazami'z: quli'p, gu'rish, qi'ri'q ha'm t.b. Al ayi'ri'm so'zlerdegi qabatlasqan dawi'ssi'zlardi'n' arasi'na dawi'sli' ses qosi'lamaydi': u'rp, dan'q, tomp ha'm t.b.

Sonli'qtan qabatlasqan dawi'ssi'zlardi' yele de ha'r ta'repleme izertlew bizin' imla qag'i'ydalari'mi'zdi' jetilistiriwge de wo'zinin' sebebin tiygizedi. Ha'r bir dawi'ssi'zdi'n' distribuciyasi'n u'yreniw wog'ada actual ma'selelrdin' biri.

---

[1] Da'wletov A. Ko'rsetilgen miyneti, 169-bet.

## II BAP. Bir qi'yli' dawi'ssi'zlardi'n' qabatlasli'g'i'

Ha'r bir tildin' fonemali'q sistemasi'ndag'i' fonemalardi'n' tu'rli fonematikali'q jag'daylarda jumsali'wi'nda qatan' ni'zamli'li'q bar yekenligi lingvistika ilimine ko'pten ma'lim. Tildegi konkret bir fonema yamasa fonemalar tildegi so'zlerdin' ayri'qsha bir poziciyasi'nda /so'zdin' basi'nda, wortasi'nda, aqi'ri'nda/ ya jiyi, ya siyrek jumsali'wi', ya pu'tkilley jumsalmawi' mu'mkin. Du'nya tillerinde seslerdin' ayi'ri'm fonetikali'q jag'daylari'nda, qatan' shekleniwshiligi jo'ninde, ayri'qsha bir sestin' bir topar sesler menen dizbeklesiwi, al basqa bir topar sesler menen dizbeklesip kelmewi jo'ninde amerikan lingvisti G.Glison ayri'qsha atap ko'rsetken yedi[1]. N.S.Trubeckoydi'n' ayti'wi' boyi'nsha seslerdin' jumsali'wi'ndag'i' shekleniwshilik ha'r tu'rli tillerde ha'r qi'yli' da'rejede boladi'[2]. Soni'n' menen birge barli'q du'nya tillerine yamasa ko'pshilik du'nya tillerine wortaq bolg'an uluwmali'q distribuciyali'q jag'daylardi' da ko'remiz[3]. Bug'an mi'sal retinde dawi'sli' ha'm dawi'ssi'z fonemalardi'n' so'zlerdin' tu'rli poziciyalarda jumsali'w wo'zgesheligin ko'riwge boladi'. Mi'sali', du'nya tilleri wortasi'nda so'zlerdin' aqi'ri'nda dawi'ssi'z fonemalar pu'tkilley jumsalmaytug'i'n tiller, so'zlerdin' basi'nda dawi'sli' fonemalar pu'tkilley jumsalmaytug'i'n tiller ushrasadi'. Al so'zlerdin' ha'mmesi tek g'ana dawi'sli' fonemalardan baslanatug'i'n tiller ushraspaydi'[4].

---

1. Глисон Г. Введение в дескриптивную лингвистику. М.,1959. –С.36.

2. Трубецкой Н.С. Основы фонологии. М.,изд-во иностранной литературы. 1950. –С.278.

3. Зубкова Л.Г. Сегментная организация простого слова в даннах разлычных типов. АДД. М., 1978.

4. Зубкова Л.Г. Сегментная организация простого слова в даннах разлычных типов. АДД. М., 1978.

So’zlerdin’ absolyut basi’nda dawi’ssi’z fonemalardi’n’, al so’zlerdin’ aqi’ri’nda dawi’sli’ fonemalardi’n’ jumsali’w jiyligi jag’i’nan aktivirek yekeni ko’pshilik tillerdin’ mi’sali’nda tasti’yi’qlanadi’.

Birdey, yag’ni’y geminat dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasi’wi’ ayi’ri’qsha qi’zi’g’i’wshi’li’qti’ tuwg’i’zadi’. Bul haqqi’nda ilimpazlardi’n’ pikirleri ha’r qi’yli’. Bir qatar ilimpazlar geminat dawi’ssi’zlar yerteden baslap bar, son’ wo’zgerislerge ushi’rap, wolardi’n’ birewi tu’sirilip ayti’latug’i’n bolg’an deydi.

N.K.Dmitriev geminat dawi’ssi’zlardi’n’ tu’rkiy tiller fonetikasi’ ushi’n ta’n yemesligin, biraq ilgerili ha’m keyinli ta’sir affiksleri shegarasi’nda wolardi’n’ jiyi ushi’rasatug’i’ni’n aytadi’ ha’m da’liylli mi’sallar keltiredi[1]. Ilimpaz geminat dawi’ssi’zlar tu’rkiy tiller fonetikasi’ ushi’n ta’n yemes degende, wolardi’n’ yeski tu’rkiy jazba yestelikleri tilinde ushi’raspaytug’i’ni’n, tu’rkiy tillerde da’slep tu’bir morfemalar bir buwi’nli’ bolg’ani’n yesapqa alg’an bolsa kerek. Haqi’yqati’nda, yeski tu’rkiy jazba yesteliklerdin’ tilinde geminat dawi’ssi’zlar qollani’lmag’an. Sonli’qtan geminaciya qubi’li’si’ son’ payda bolg’an dep shamalawg’a boladi’.

Geminatlar tu’rk tillerinde ha’m wolardi’n’ dialektlerinde de ushi’rasadi’. Biraq wolardi’n’ qollani’li’wi’nda sistemag’a tu’spegenligi menen bir-birinen ayri’li’p turadi’. A’sirese, geminatlardi’n’ qollani’li’wi’ndag’i’ wo’zgeshelik qumi’q, wo’zbek, gagauz, uyg’ur tillerinde wolardi’n’ dialektlerinde belgili bir sistemag’a tu’spegenligi bayqaladi’.

Qumi’q tilinin’ dialektlerindegi geminatlardi’ arnawli’ izertlegen Dj.M.Xangishiev kaytaks ha’m tersk tillerinin’ dialektlerinde ko’pshilik jag’daylarda u’nsiz dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasi’wi’n ushi’ratqanli’g’i’n ayti’p wo’tedi: ulli’-ulu “u’lken”, achchi’-achi’ “ashshi’”, gichchi-gichi “kishkene”, etti-

---

[1] Дмитриев Н.К. Двойные согласные в тюркских языках – Сб ИСГТЯ, часть 1, Фонетика, 261-265-б.б.

eti “jeti”, katti’-kati’ “qatti’”, yukga-yuka “juqa”; kammaq-kamgak “aylanba maydan” ha’m t.b.[1]

Dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasli’g’i’ni’n’ payda boli’wi’ progressivlik yamasa regressivlik assimlyaciyani’n’ na’tiyjesi dep ilimpazlar wo’z miynetlerinde ayti’p wo’tken: onda-onna, tonlar-tollar, atdi’-atti’, gyunlyuk-gyullyuk-ku’llik, adamlar-adammar, tavga-tavva ha’m t.b.[2]

Emfazali’q dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasli’g’i’ da ushiu’rasadi’: biyik “u’lken” – biyyik “di’m u’lken”, yaman “jaman” – yamman “di’m jaman”, ali’p “ali’w” – alli’p “tez ali’w”, tegyup “tiyiw” – teggyup “tez tiyiw”. Bul dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasli’g’i’ jazi’wda shende-shen waqi’tlarda g’ana ushi’rasadi’. Ayri’m jag’daylarda dawi’ssi’zlar so’z quri’lmasi’n keltirip shi’g’ari’wi’ mu’mkin dep keltiredi[3].

Biraq wolar tek tu’bir ha’m affiksler shegarasi’nda yemes, al tu’bir morfemalardi’n’ ishinde buwi’nlar shegarasi’nda da ushi’rasadi’. A.Da’wletov: “Qabatlasqan dawi’ssi’zlardi’n’, soni’n’ ishinde geminatlardi’n’ da morfemalar shegarasi’nda ushi’rasi’wi’n ayri’qsha tu’sindirip woti’ri’wdi’n’ keregi joq. Sebebi, ko’p morfemali’ do’rendi so’zlerde aldi’n’g’i’ morfemani’n’ son’g’i’ sesi ha’m son’g’i’ morfemani’n’ aldi’n’g’i’ sesinin’ dawi’ssi’z boli’p keliwi arqali’ wolar qon’si’las boli’p kelip, dawi’ssi’zlar qabatlasli’g’i’n payda yetedi. Qabatlasqan dawi’ssi’zlardi’n’ soni’n’ ishinde geminatlardi’n’ da morfemalar shegarasi’nda yemes, al bir morfemani’n’ qurami’nda ushi’rasi’wi’n da’liyllew qi’yi’n ha’m bul ayri’qsha izertlewdi talap yetedi,” – dep jazadi’. Duri’s, geminat dawi’ssi’zlardi’n’ payda boli’wi’n tek fonetikali’q yamasa tek morfologiyali’q

---

[1] Ольмесов Н. Х. Брагунский говор в его отношении к другим говорам кумыкского языка. Автореф. Дис. …канд. филол. наук. Уфа, 1981, с.16.

[2] Дж. М. Хангишиев, Геминаты в диалектах кумыкского языка, (Интернет материалы).

[3] Sonda.

ni'zamlar menen tu'sindiriw mu'mkin yemes. Geminaciya – tildin' morfologiyali'q quri'li'si'ni'n' tariyxi'y rawajlani'wi' dawami'nda payda bolg'an morfonologiyali'q wo'zgerisler bolg'ani' ani'q. Sonday-aq infikslerdin' payda boli'wi' da usi'nday sebepke baylani'sli' kelip shi'qqan. Ma'selen, usi'nda almasi'g'i'ni'n' sepleniwindegi n fonemasi'ni'n' payda boli'wi' da ashi'q buwi'ng'a baylani'sli' kelip shi'qqan.

Solay yetip, geminat dawi'ssi'zlardi'n' payda boli'wi'ni'n' yen' tiykarg'i' sebeplerinin' biri ashi'q buwi'ng'a baylani'sli' boli'p yesaplanadi'. Soni'n' menen birge qaraqalpaq tilinde geminat dawi'ssi'zlar arab-parsi' tillerinen wo'zlestirilgen so'zlerdin' quri'li'si'nda ushi'rasadi'.

Ko'pshilik ilimpazlardi'n' ani'qlawi'nsha, tu'rkiy tillerde so'zler da'slep bir buwi'nli' bolg'an. Wonday bolsa, qurami'nda dawi'ssi'z fonemalar qabatlasi'p kelgen ha'zirgi qaraqalpaq tilindegi ko'p buwi'nli' tu'bir morfemalar tildin' tariyxi'y rawajlani'wi' dawami'nda ha'r qi'yli' sebeplerge baylani'sli' payda bolg'an.

A.G'ulamovti'n' pikirinshe, geminat dawi'ssi'zlar da'slep ekspressiyani' bildiriw ushi'n payda bolg'an, son' wolar bul ma'nilerden ayi'ri'li'p, basqa a'piwayi' so'zge aylang'an.

Al A.Martine ha'm A.M.Sherbakti'n' pikirinshe, bul qubi'li's dawi'ssi'zlardi'n' intervokal jag'dayda turaqli'li'g'i'n saqlaw ushi'n qosi'msha qural boli'p, wol arqali' so'zdi ayti'wdi'n' intensivligi de artqan[1]. Haqi'yqati'nda da, qaraqalpaq tilindegi geminat dawi'ssi'zlardi' u'yrenip qarag'ani'mi'zda, wolardi'n' ma'nini ku'sheytip beriw ushi'n qollani'latug'i'ni'n ko'remiz.

Demek, wolardi'n' pikirinshe, geminat dawi'ssi'zdi'n' payda boli'wi' dawi'ssi'zdi'n' intervokal jag'dayi'na baylani'sli', al geminatlardi'n' ekspressivlik

---

[1] Щербак А.М. Сравнительная фонетика тюркских языков, Л., 1970, 104-б.

ta’repi soni’n’ juwamg’i’ boli’p yesaplanadi’. Wo’zbek tilinin’ Xorezm govori’ boyi’nsha izertlew ju’rgizgen F.Abdullaev wo’z miynetinde tu’rkiy tillerde geminat dawi’ssi’zlardi’n’ payda boli’wi’ni’n’ sebeplerin ani’qlawg’a ha’reket yetken. Woni’n’ pikirinshe, wo’zbek tilinin’ rawajlani’wi’ni’n’ belgili bir da’wirlerinde so’zdin’ birinshi ashi’q buwi’ni’n’ bekkemlew tendenciyasi’ payda bolg’an. Ma’selen, achi’g’ “gorkiy” so’zindegi aqi’rg’i’ dawi’ssi’z bir qatar tu’rkiy tillerde, soni’n’ ishinde wo’zbek tilinin’ Xorezm govori’nda qi’si’q dawi’sli’dan son’ tu’sip qalg’an. So’zdegi yeki buwi’n da ashi’q bolg’an. Birinshi buwi’n ma’nini ali’p ju’riwshi bolg’anli’qtan, woni’ bekkemlew talabi’, tu’birdin’ vokalizmin saqlaw za’ru’rliginen kelip shi’qqan. Biz de bul pikirge toli’q qosi’lami’z. Tu’rkiy tillerdin’ tariyxi’y rawajlani’wi’ bari’si’nda buwi’nlardi’n’ quri’li’si’nda ha’r qi’yli’ fonetikali’q wo’zgerisler ju’z berip, ha’r tu’rli fonemalar menen qabatlasi’p qollani’ladi’.

Morfemalardag’i’ bunday qubi’li’slar fonetikali’q a’debiyatlarda redukciya, eliziya, epenteza, epiteza, proteza, gaplologiya h.t.b. qubi’li’slar si’pati’nda u’yrenilgen. Soni’n’ menen bul qubi’li’slar so’z jasali’w ha’m so’z wo’zgertiw sistemasi’na da baylani’sli’ bolg’anli’qtan morfologiyali’q a’debiyatlarda da uliwma ko’lemde so’z yetilgen. F.A.Abdullaev: “So’zlerde ayi’ri’m dawi’ssi’zlardi’n’ a’zzi poziciyasi’ wolardi’n’ redukciyag’a ushi’rawi’na yamasa tu’sip qali’wi’na ali’p keledi. Bul qubi’li’s so’zlerde buwi’nni’n’ quri’li’si’n wo’zgertetug’i’n, wolardi’n’ sani’ni’n’ azayi’wi’na ali’p keletug’i’n basqa da fonetikali’q qubi’li’slar menen baylani’sli’ boladi’. Bunday wo’zgerisler tek g’ana tu’birdin’ vokalizmine yemes, al so’z jasawshi’ ha’m so’z wo’zgertiwshi affikslerge de ta’n”, - dep jazadi’.

### a) Tu'bir qurami'ndag'i' geminaciya qubi'li'si'

Qaraqalpaq tilindegi geminat dawi'ssi'zlardi' baqlap qarag'ani'mi'zda wolardi'n' birazlari' tu'bir morfemalardag'i' buwi'nlar shegarasi'nda, yekinshileri morfemalar shegarasi'nda, u'shinshileri singarmonizm ni'zami'na muwapi'q payda bolatug'i'ni'n ko'remiz. Ma'selen, bb geminat dawi'ssi'zi' muxabbat, Abbaz, murabba siyaqli' arab tilinen wo'zlestirilgen so'zlerdegi buwi'nlar shegarasi'nda ushi'rasi'p tur. Al ko'ppe, janni'n' ha'm t.b. so'zlerde morfemalar shegarasi'nda jumsalsa, basshi', sanli'q so'zlerinde jazi'wda ha'r qi'yli' jazi'lg'ani' menen singarmonizm ni'zami'na muwapi'q janli' so'ylew tilinde geminat dawi'ssi'zlar payda boladi'. Wo'zbek, qazaq tillerine sali'sti'rg'anda qaraqalpaq tilinde geminat dawi'ssi'zlar wortasha wori'nda turadi'.

Akad. A. Da'wletov bul haqqi'nda ayta kelip, yeger tu'rkiy tillerdin' birewinde sesler qabatlasqan hali'nda ushi'rasatug'i'n bolsa, basqa tu'rkiy tillerde birdey dawi'ssi'zlar dara tu'rinde qollani'latug'i'ni'n to'mendegi keste arqali' keltiredi[1].

| Wo'zbek tili | Qaraqalpaq tili | Nog'ay tili | Qazaq tili |
|---|---|---|---|
| ikki | yeki | jeki | eki |
| jetti | jeti | zeti | zeti |
| sakkiz | segiz | segiz | segiz |
| toqqiz | tog'i'z | toguz | toquz |
| uttiz | woti'z | otuz | otiz |
| ellik | yeliw | ëlli | eliw |
| qattuq | qatti' | qatu | qatty |
| accyq | assy | asy | assy |
| yssyq | i'ssi' | yssy | ystiq |
| ullu | ulli' | ullu | ulu |
| sappat | shappat | sapat | sapat |
| qary | qarry | qary | ka'ri |

[1] Da'wletov A. Joqari'da ati' ko'rsetilgen miyneti, 168-b.

Demek, buni’n’ wo’zi de qabatlasqan (geminat) dawi’ssi’zlardi’n’ son’ payda bolg’an qubi’li’s yekenin ko’rsetedi. A’lbette, wolardi’n’ payda boli’wi’ni’n’ ha’r qi’yli’ sebepleri bar. Bul haqqi’nda qazaq ilimpazi’ A. Ayg’abi’lovti’n’ pikiri, bizin’she shi’nli’qqa sa’ykes keledi. Woni’n’ ko’rsetiwinshe, ayi’ri’m geminat dawi’ssi’zlar singarmonizm ni’zami’na baylani’sli’ bolsa, yekinshileri so’z prosodikasi’na, u’shinshileri ayti’li’wdi’ ku’sheytiw ushi’n payda bolg’an[1].

Qaraqalpaq tilindegi geminat dawi’ssi’zlardi’ u’yrenip qarag’ani’mi’zda, wolardan to’mendegidey juwmaqlar aldiq. Geminat bb dawi’ssi’zi’ tiykari’nan atli’qlarda arab-parsi’ tillerinen wo’zlestirilgen so’zlerde ushi’rasadi’: Abbaz, muxabbat, murabba, shabbaz ha’m t.b. so’zlerde ushi’rasadi’. Geminat bb dawi’ssi’zi’ ushi’n ta’n qa’siyet tiykari’nan atli’qlarda ushi’rasadi’. U’nli dawi’ssi’zlardi’n’ ishinde g dawi’ssi’zi’ qabatlasi’p kelmeydi. Qaraqalpaq tilinde segiz so’zi awi’zeki so’ylew tilinde sekkiz formasi’nda ayti’li’wi’ ushi’rasadi’. Bunda ko’rinip turg’ani’nday, g dawi’ssi’zi’ k dawi’ssi’na wo’zgergen. Bul jerde u’nsiz dawi’ssi’zdi’n’ ku’shli ayti’li’wi’ belgili. Sonli’qtan joqari’da ayti’lg’anday geminat dawi’ssi’zlar qural si’pati’nda payda bolg’an degen pikir shi’nli’qqa sa’ykes keledi. U’nli g’ dawi’ssi’zi’ da qabatlasi’p keliwi tu’bir morfemalarda yamasa morfemalar shegarasi’nda ushi’raspaydi’. U’nli d dawi’ssi’zi’ mu’ddet, sa’dde ha’m t.b. biren’-saran’ so’zlerde g’ana ushi’rasadi’. U’nli j dawi’ssi’zi’ ta’jjal so’zinde, sonday-aq singarmonizm ni’zami’na baylani’sli’ Bozjap-Bojjap, ko’z juber-ko’j jiber ha’m t.b. qospa so’zlerde, so’z dizbeklerinde ushi’rasadi’. U’nli z dawi’ssi’zi’ izzet, la’zzet ha’m t.b. so’zlerde ushi’rasadi’. Demek, qaraqalpaq tilindegi u’nli dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasi’wi’ aytarli’qtay wo’nimli

---

[1] Айғабылов А. Қазақ тілінің морфонологиясы. Алматы, 1995, 99-103-б.б.

yemes. Bul u’nli dawi’ssi’zlardi’n’ so’zdin’ aqi’ri’nda kele almawi’na baylani’sli’ boladi’.

Qaraqalpaq tilindegi u’nsiz dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasi’p jumsali’wi’ u’nli dawi’ssi’zlarg’a sali’sti’rg’anda wo’nimli ushi’rasadi’. A’sirese, morfemalar shegarasi’nda ko’birek ushi’rasadi’. U’nsiz p dawi’ssi’zi’ appaq, toppi’ siyaqli’ so’zlerde ushi’rasadi’. U’nsiz k dawi’ssi’zi’ qabatlasi’p wo’nimli ushi’rasadi’: ha’kke, ma’kke, terekke, tu’kke ha’m t.b. U’nsiz q dawi’ssi’zi’ da sol siyaqli’ boli’p, wo’nimli ushi’rasadi’: shaqqi’, zaqqi’, laqqi’, saqqi’z.

Biz bul jerde ko’birek tu’bir morfemalarda keliwin yesapqa aldi’q. Morfemalar shegarasi’nda u’nsiz dawi’ssi’zlar qabatlasi’p keliwi wo’nimli ushi’rasa beredi.

Qaraqalpaq tilindegi u’nsiz sh, t, s dawi’ssi’zlari’ da tu’bir morfemalarda geminat boli’p ushi’rasadi’. Ma’selen, ashshi’, geshshe, peshshe, dushshi’, qatti’, aytti’ ha’m t.b.

Sonor dawi’ssi’zlardi’n’ ishinde w dawi’ssi’zi’ tek awi’zeki so’ylew tilinde qabatlasi’p jumsaladi’: Hawwadag’i’, Esengeldi, adamni’n’ ashi’wi’n adam aladi’. (T.Qayi’pbergenov)

Bunda w dawi’ssi’zi’ so’zdi ku’sheytip ayti’w maqsetinde qabatlasi’p jumsalg’an. Sonor y dawi’ssi’zi’ a’yyem so’zinde qabatlasi’p jumsaladi’. R dawi’ssi’zi’ g’arri’, ha’rre, gu’rre ha’m t.b. so’zlerde, m dawi’ssi’zi’ ha’mme, l dawi’ssi’zi’ Talli’q, talla, palli’q ha’m t.b. so’zlerde, n dawi’ssi’zi’ ja’nnet, su’nnet ha’m t.b. so’zlerde ushi’rasadi’. Sonor dawi’ssi’zlar singarmonizm ni’zami’na baylani’sli’ qabatlasi’p jumsaladi’: sanli’q-salli’q, janli’q-jalli’q-janni’q, ja’nlik-ja’llik ha’m t.b.

Qaraqalpaq tilinin’ dialektlerine baylani’sli’ da geminat dawi’ssi’zlar ushi’rasadi’: jinli-jinni-jilli, ku’nler-ku’nner ha’m t.b.

Bul haqqi'nda D.S.Nasi'rovti'n' miynetlerinde keltirilgen[1]. Wol birdey qabatlasqan dawi'ssi'zlardi'n' tu'bir morfemalarda jumsalawi'wi'ni'n' wo'zine ta'n wo'zgeshelikleri bar yekenligin atap ko'rsetedi.

Geminatlardi' yeki birdey dawi'ssi'zdi'n' yamasa assimilyaciya sebebinen payda bolg'an birdey dawi'ssi'zlardi'n' qabatlasi'wi'nan payda bolg'anli'g'i'n ko'riwimizge boladi'. Buni' Yu. D. Djanmavova to'mendegishe yeki bag'darda tu'sindiredi[2]: jan'a so'zlerdi jasawshi' affiksti'n' jog'ali'p ketiwinde (къатты – къат + дыкъ "qatti'" yamasa къат) yamasa tu'bir (къумман – къум + гъан) qurami'nda wo'zgeristin' boli'wi'na baylani'sli'li'g'i'n ko'rsetedi.

Solay yetip, geminat dawi'ssi'zlardi'n' payda boli'wi'ni'n' yen' tiykarg'i' sebeplerinin' biri ashi'q buwi'ng'a baylani'sli' boli'p yesaplanadi'. Soni'n' menen birge qaraqalpaq tilinde geminat dawi'ssi'zlar arab-parsi' tillerinen wo'zlestirilgen so'zlerdin' quri'li'si'nda ushi'rasadi'. Ma'selen, muhabbat, Abbaz, Muxammed, ha'mme, a'zzel, g'a'rrem ha'm t.b. Sonday-aq ha'r qi'yli' stillik maqsetlerge baylani'sli' da geminat dawi'ssi'zlardi'n' payda boli'wi' ushi'rasadi'. Ma'selen, ko'p sanli' qaraqalpaq awi'zeki xali'q do'retpelerinin' tilinde, awi'zeki so'ylew tilinde tog'i'z sanli'g'i' toqquz, woti'z sanli'g'i' sekkiz-sa'kkiz, yeliw sanli'g'i' yelli tu'rinde qollani'ladi'.

Qaraqalpaq tilinde geminat dawi'ssi'zlar so'z shaqaplari'nda tu'rlishe ushi'rasadi'. Bul jag'day geminaciyani'n' morfologiyali'q qubi'li's yekenin tasti'yi'qlaydi'. Baqlawlar ju'rgizip qarag'ani'mi'zda, geminat dawi'ssi'zlar ko'birek atli'qlarda ushi'rasadi': bb – muhabbat, Abbaz, Shabbaz; kk – sho'kkish, ha'kke, ma'kke; qq – shaqqi', laqqi'; ll – Abdulla, Talli'q, sa'lle, alla; mm – Muxammed, go'mme; nn – anna, janni'q (dialekt); rr – gu'rrin', ha'rre; zz – izzet; jj – ta'jjal; ss – qi'ssa, qassap; dd – sa'dde, mu'ddet; pp – toppi', shappat ha'm t.b.

---

[1] Насыров Д.С. Становление каракалпакского общенародного разговорорного языка и его диалектная система. Нукус-Казань, 1976, 280-290-с.с.

[2] Жанмавов Ю. Ж. Къумукъ тил. (Фонетика, орфография, графика). Махачкала, Дагучпедгиз, 1968, с. 59.

Kelbetliklerde: shsh – ashshi’, geshshe, dushshi’; tt – qatti’; ss – i’ssi’; ll – ulli’, jilli; pp – appaq; zz – go’zzal; qq – shaqqan. Sanli’qlarda: kk – sekkiz; qq – toqquz; tt – yetti; ll – yelli ha’m t.b. Almasi’qlarda: ll – gu’lla’n, gu’lli; mm – ha’mme. Ra’wishlerde: rr – da’rriw; shsh – qashshan; nn – tosi’nnan; tt – tosattan, ma’ttal ha’m t.b. Tan’laqlarda: ss – ma’ssag’an ha’m t.b.

Uluwma aytqanda qaraqalpaq tilindegi dawi’ssi’zlardi’n’ basqa dawi’ssi’zlar ha’m wo’z ara qabatlasli’g’i’ tek inlaut poziciyada g’ana ushi’rasadi’.

Ayi’ri’m ilimpazlar tu’rkiy tillerdegi birdey dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasli’g’i’ tek sheklengen halda bolatug’i’nli’g’i’n, dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasi’wi’ wolardi’n’ intervokal jag’dayi’ndag’i’ turaqli’li’g’i’n ta’miyin yetetug’i’n qosi’msha usi’l dep yesaplaydi’. Haqi’yqati’n’da da qabatlasqan dawi’ssi’zlarda dara dawi’ssi’zlarg’a sali’sti’rg’anda qosi’msha turaqli’li’qqa iye. Mi’sali’- intervokal jag’dayi’ndag’i’ qabatlaskan u’nsiz dawi’ssi’zlar u’nliler menen wori’n almaspaydi’, jabi’si’n’qi’lar, juwi’si’n’qi’lar menen wori’n almaspaydi’. Al dara jag’daylarda wolar wori’n almasadi’.

## Juwmaq

Qaraqalpaq tilindegi dawi’ssi’z fonemalardi’n’ distribuciyali’q wo’zgesheliklerin u’yreniw teoriyali’q jaqtan da, a’meliy jaqtan da wog’ada u’lken a’hmiyetke iye. Wolardi’ teren’ u’yreniw na’tiyjesinde tildin’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerin, tildin’ seslik du’zilisin, buwi’n quri’li’si’n ani’qlawg’a boladi’. Sonday-aq dawi’ssi’zlarg’a distribuciyali’q si’patlama beriw arqali’ tildin’ morfemali’q quri’li’si’n duri’s u’yreniwge, so’zlerdi morfemalarg’a duri’s aji’rati’wg’a boladi’. A’meliy jaqtan so’zlerdi duri’s jazi’wg’a, imla qag’i’ydalari’n toli’qti’ri’wg’a, wolarg’a du’zetiwler kirgiziwge boladi’. Usi’lardi’ yesapqa ali’p, biz pitkeriw jumi’si’mi’zdi’n’ temasi’ si’pati’nda dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasi’p jumsali’wi’n aldi’q.

Qaraqalpaq tilindegi dawi’ssi’zlari’n’ qabatlasli’g’i’ ken’ ko’lemde izertlew obyekti bolg’an joq. Biraq N. A. Baskakovti’n’, K. Ubaydullaevti’n’, A. Da’wletovti’n’ miynetlerinde bul ma’sele uluwma ko’lemde ayti’lg’an. Sonday-aq A. Da’wletov ha’m M. Qudaybergenovlardi’n’ dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasli’g’i’na arnalg’an arnawli’ maqalalari’ ja’riyalandi’. Biz sol maqalalarg’a su’yene woti’ri’p dawi’ssi’zlardi’n’qabatlasli’g’i’n u’yrenip shi’qti’q.

Jumi’s kirisiw, yeki bap, juwmaq, paydalani’lg’an a’debiyatlar diziminen ibarat.

Kirisiw bo’liminde tema haqqi’nda tu’sinik, woni’n’ aktualli’g’i’ ko’rsetildi ha’m temag’a baylani’sli’ a’debiyatlarg’a sholi’w jasadi’q.

Jumi’si’mi’zda dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasi’p jumsali’wi’ til faktleri tiykari’nda analiz islendi. Da’slepki babi’nda ha’r qi’yli’ dawi’ssi’zlardi’n’ qabatlasi’p jumsali’wi’, wolardi’n’ bir buwi’n quri’li’si’nda, buwi’nlar shegarasi’nda ha’m morfemalar shegarasi’nda qabatlasi’p jumsali’wi’ til faktleri arqali’ tu’sindirildi. Biraq biz morfemalar shegarasi’ndag’i’ dawi’ssi’zlardi’n’

qabatlasi'p keliwine ayri'qsha toqtamadi'q. Sebebi, akad. A. Da'wletovti'n' duri's ko'rsetkenindey, wolar ayri'qsha izertlewdi talap yetpeydi. Sonli'qtan, tiykari'nan tu'bir morfemalardag'i' dawi'ssi'zlardi'n' qabatlasi'p jumsali'wi'n qarasti'rdi'q.

Yekinshi bapta birdey qabatlasqan, yag'niy geminat dawi'ssi'zlardi'n' jumsali'wi' u'yrenildi. Bunda da tiykari'nan tu'bir morfemalarda geminat dawi'ssi'zlardi'n' jumsali'wi'n u'yreniw maqset yetip qoyi'ldi'.

Geminat dawi'ssi'zlardi'n' payda boli'wi' haqqi'nda ha'r qi'yli' pikirler ushi'rasadi'. Wolardi'n' payda boli'wi' bizin'she, tu'rli sebeplerge baylani'sli' kelip shi'qqan.

A. M. Sherbakti'n' pikirinshe, qabatlasqan dawi'ssi'zlar so'ylewdin' intensivligin ku'sheytiw ushi'n payda bolg'an. Haqi'yqati'nda da, ko'plegen geminat dawi'ssi'zlardi'n' payda boli'wi' usi'g'an sa'ykes keledi. Soni'n' menen birge singarmonizm ni'zami'na baylani'sli' kelip shi'qqan geminat dawi'ssi'zlar da bar: Talli'q, shaqqi' so'zlerinde usi' bayqaladi'. A'sirese, morfemalar shegarasi'nda singarmonizmge baylani'sli' wolardi'n' payda boli'wi' ko'birek ko'rinedi. Dialektlik wo'zgesheliklerge baylani'sli', ma'selen, janni'q, jinni, ku'nner ha'm t.b. geminat dawi'ssi'zlardi'n' payda boli'wi' ushi'rasadi'.

Uluwma juwmaqlap aytqanda, dawi'ssi'z fonemalardi'n' qabatlasli'g'i'n u'yreniw aktual ma'selelerdin' biri. Bul bag'darda teren' ha'm ha'r ta'repleme izertlew jumi'slari'n ju'rgiziw kerek.

PAYDALANI’LG’AN A’DEBIYATLAR


**I. Siyasiy a’debiyatlar**

1. Каримов И.А. Жоқары мәнаўият-жеңилмес күш. Ташкент, 2008.

**II. Monografiya, sabaqli’qlar, toplamlar ha’m ko’p tomli’q kitaplar**

2. Абдуллаев Ф.А. Фонетика хорезмских говоров узбекского языка. Ташкент, 1967.
3. Айғабылов А. Қазақ тілінің морфонологиясы. Алматы, 1995.
4. Аралбаев Ж. Фонетическая система современного каракалпакского языка. АКД. Алма-Ата, 1949.
5. Аралбаев Ж. Вокализм казахского языка. Алма-Ата, 1970.
6. Аханов К. Тил билиминиң негиздери. Алма-Ата, 1973.
7. Ахундов А. Система фонетика современного азербайжанского языка. Баку, 1964.
8. Абдиназимов Ш. Бердақ шығармаларының тили. Ташкент, 2006.
9. Баскаков Н.А. Краткая грамматика каракалпакского языка. Турткуль, 1931.
10. Баскаков Н.А. Каракалпакский язык. Фонетика. часть II. Москва,1952.
11. Батманов И.А. Современная древняя Енисейка. Москва, 1962.
12. Богородицкий В.А. Введение в татарское языкознание. Казань, 1953.
13. Бекназарова Р.С. Консонантизм современного каракалпакского литературного языке. /экспериментально-фонетическое исследовании/. Киев,1972.

14. Бердимуратов Е. Ҳәзирги қарақалпақ тили (Дәулетов пенен бирликте). Нөкис, 1979.
15. Гулямов А.Г. Провлемы исторического слово-образования в узбекском языке. Рукопись докторской диссертации. Ташкент,1958.
16. Даулетов А. Вокализм каракалпакского языке. Самарканд,1976.
17. Даулетов А. О стечении согласных звуков в каракалпакском языке. Советская тюркология, 1981.
18. Дәўлетов А. Қарақалпақ тилинде сингормонизм. Нөкис, 1993.
19. Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң сеслик дүзилиси. Нөкис, 1995.
20. Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Фонетика. Нөкис, 1999.
21. Дәўлетов М, Дәўенов Е. Қарақалпақ тилинин имла сөзлиги. Нөкис, 1997.
22. Дмитриев Н.К. Двойные согласные в тюркских языках. –ИСГТЯ. I фонетика. Москва, 1955.
23. Зиндер Л.Р. Общая фонетика. Москва, 1979.
24. Жанмавов Ю. Ж. Къумукъ тил. (Фонетика, орфография, графика). Махачкала, Дагучпедгиз, 1968.
25. Кеңесбаев С. Мусабаев ғ. Ҳәзирги қазақ тили. Алма-Ата, 1975.
26. Калиев В. О редукции гласных звуков в каракалпакском языке. Алма-Ата, 1967.
27. Қудайбергенов М. Қаракалпак тилиниң морфонологиясы. Нөкис, 2005.
28. Қарақалпақ тилиниң орфографиялық сөзлиги. - Нөкис: Қарақалпақстан. 1990.

29. Малов С.Е. Памятники древнетюркской письменности. Москва, 1952.
30. Малов С.Е. Заметки о каракалпакском языке. Нукус, 1966.
31. Мелиоранский П М. Краткая грамматика казахско-киргизского языка. Ч.1. –Спб.,1994.
32. Мелиоранский П.М. Араб-филолог о турецком языке. –Спб.,1900.
33. Насыров Д.С. Становление каракалпакского общенародного разговорного языка и его диалектная система. -Нукус -Казань, 1976.
34. Насыров Д.С, Доспанов О, Бекбергенов А, Сайтов Д Қарақалпақ әдебияты классиклери шығармаларының тили. Нөкис, 1995.
35. Неъматов Ҳ. Узбек тили тарихий фонетикаси. -Ташкент, 1992.
36. Ольмесов Н. Х. Брагунский говор в его отношении к другим говорам кумыкского языка. Автореф. Дис. …канд. филол. наук. Уфа, 1981.
37. Поливанов Е.Д. Некоторые фонетические особенности каракалпакского языка. //Труды Хорезмской экспедиции. Ташкент, 1933.
38. Ражабов Н. Узбек диалектологиясидан қулланма./фонетик ходисалар/ Самарканд, 1974.
39. Сайтов Д. XVIII-XIX әсирлердеги қарақалпақ шайырлары шығармаларынын тили. Нөкис, 1989.
40. Севортян Э.В. Фонетика турецкого литературного языка. Москва, 1965.
41. Томанов М. К истории совместно-орудного падежа в казахском языке. Алма-Ата, 1982.
42. Трубецкий И.С. Основы фонологии. Москва, 1960.

43. Убайдуллаев К. Ҳәзирги заман қарақалпақ тили. Фонетика. Нөкис, 1965.
44. Убайдуллаев К. Қарақалпак тили бойынша таңламалы мийнетлери. Нөкис, 1976.
45. Щербак А.М. Сравнительная фонетика тюркских языков. Ленинград, 1987.
46. Хангишиев Дж. М., Геминаты в диалектах кумыкского языка, (Интернет материалы).